PANGAOS ADVERTENTIE:
Pamajaranana kedah ti pajoen
panganoetkna sakali moeat f 2.50
Saldjadjar leuken............ f 0.35

REDACTIE & ADMINISTRATIE
Gr. Postweg Oost 123 Bandoeng tel. 1520

# SIPATAHOENAN

PANGAOS LANGGANAN
Saasih f 1.70: sakwartaal f 5.—
Loeareun Indonesia......... f 7.50
Pamajaranana kedah ti pajoen

Hoofdred. Bakrie Soeraatmadja
Plv. Hoofdred. Mohamad Koerdie

Rebo 21 Aug. 1935 | 21 Djoemadil'awal 1354
Dikaloearkeun 2½ lambar
Lambaran ka I No. 190 Taoen ka XII


## Kakoerangan tatali hiroep.

*Lamoen rek diseboet panjakit mah, djigana, moal aja panjakit noe panghebat-hebatna, iwal ti ka koerangan dahareun. Gede baha jana, henteu beda djeung panjakit pest atawa cholera bae, sanadjan noe katerapna henteu toeloej hos oge, tapi noe langlajeuseun teh moal ka mana djigna ti ngadeukeu tan liang koeboer.*

*Anjar-anjar ieu, dina soerat-soe rat kabar loba pisan bedja di sawatara tempat noe kakoerangan dahareun. Ngan hadena bae pihak Binn. Bestuur atawa leuwih tetela pihak pamarentah gantjang ngajakeun pangatoeran - pangatoeran anoe perloe, geusan noeloengan noe kaantjam koe bahaja langlajeuseun tea.*

*Anoe ngalantarankeun kakoerangan dahareun teh, tangtoe rea pisan noe djadi lantaranana, boh koe gaboegna pelak pare di sawah, boh koe lantaran hama, boh koe lantaran kakoerangan tjai, atawa koe lantaran katalobehan bae.*

*Tatali hoerip di oerang teh, taja lian ngan pare, lamoen geus koerang atawa samasakali henteu aja pare, tjek noe tjohag mah saroea djeung kiamat bae.*

*Henteu heran ari di tempat anoe koerang pasawahanana mah, sanadjan kabedjakeun kakoerangan dahareun oge, kakoerangan tatali hoerip tea, tapi ari di tempat-tempat noe oeploek-aplak pasawahanana mah, lamoen aja kabedjakeunana kakoerangan pare teh, aneh kabina-bina.*

*Saperti di regentschap Krawang katjeloek pisan djadi goedangna satanah Pasoendan. Biasana di dinja teh lain ngan bisa njoekoepan keur eusina eta regentschap bae, tapi lolobana malah leuwih loba noe dikaloearkeunana ka mana mendi.*

*Moal aja noe bireuk jen di regentschap Krawang teh, lamoen dibandingkeun djeung regentschappen noe sedjen, pangreana pisan ngabogaan panggilingan pare.*

*Ieu teh djadi tanda jen Krawang djadi goedangna pare. Krawang mahmoer koe pare, henteu aja petana kakoerangan koe tatali hoerip ari tjek sare'at mah, lamoen ditendjona koe noe saliwat.*

*Tapi ajeuna oerang Krawang diantjam koe bahaja kalaparan, noeroetkeun rapport noe geus dikirimkeun ka Gouverneur van West Java.*

*Henteu koedoe salempang, roepa-roepa pangatoeran geusan mere pertoeloengan koe pihak Binn. Bestuur tangtoe diajakeunana, sakadar geusan ngadjaga langlajeuseun mah. Moega-moega bae walatra bisa katoeloengan kabeh, sakoer noe perloe meunang pertoeloengan mah.*

*Tapi ajeuna noe koedoe djadi pikiran teh, noe ngalantarankeun kana kadjadianana kakoerangan tatali hoerip tea.*

*Di antara roepa-roepa noe djadi lantaran tea, kajaning koe hama, koe kabandjiran atawa kakoerangan tjai, di regentschap Krawang mah aja deui, noe diseboetna „ngidjon".*

*Noe diseboet ngidjon teh, saroepa perdjangdjian antara noe boga sawah djeung noe boga panggilingan.*

*Sanadjan aja mangpoeloeh-poeloeh reana panggilingan pare di regentschap Krawang, tapi henteu aja hidji-hidji atjan ari noe oerang priboemina mah, kabeh oge noe bangsa Asing bae.*

*Sarerea oge njaho, jen bangsa Asing teh henteu meunang ngabogaan sawah milik tjara bangsa Priboemi, djadi pare noe digiling di panggilingan teh, parena beunang meulian ti oerang Priboemi bae.*

*Perkara djoeal beuli mah, masing djeung saha bae oge henteu aja halanganana, da sarerea oge pada njiar kaoentoengan. Tapi ari di regentschap Krawang mah, kalolobaanana asoepna pare ti sawah ka panggilingan teh, lain koe djoeal beuli noe ilahar di pasar, tapi koe „ngidjon-systeem".*

*Koe atoeran „ngidjon-systeem" teh, patani katjida kabeungkeutna koe noe boga panggilingan, da ti barang patani ngamimitian toeroen njamboet oge, noe boga panggilingan teh geus nitah ngider ka noe dipertjaja, nanawarkeun doeit indjeuman ka Ki Djoeroe-tani, noe engkena koedoe dibajar koe pare, dina mangsana oesoem diboeat.*

*Beunang diseboetkeun rata-rata bae, sakoer patani pada kabeungkeut koe „ngidjon-systeem" malah sawareh mah, pimodaleun njamboet oge, koe doeit beunang ngidjon tea bae.*

*Ma'loem doeit gantjang pisan beakna, ari rereana ngan dipake borak-borak bae. Samemeh nepi kana waktoena diboeat, patani geus boetoeh deui keur kaperloean hiroepna, henteu ka mana deui djigna, nja ka noe boga panggilingan deui bae, da sanadjan henteu kitoe oge — sakapeung mah — ngahadja ditawaran.*

*Atoeh dina sabadana diboeat teh, noe koedoe ngakoet ti sawah teh, lain kana leuitna patani, tapi teroes bae ka panggilingan. Rea noe tara njesa pisan, malah — sakapeung mah — koerang keneh, nepi ka kapaksa koedoe goedar-gedor meuli pare ka noe sedjen, mer loekeun keur njotjokan kakoerangan ka panggilingan tea.*

*Oerang henteu koedoe kaget, lamoen nendjo patani di regentschap Krawang langka noe ngabogaan leuit teh, da goedang parena mah di panggilingan.*

*Henteu langka, ari keur hiroep sapopowena mah, noe meuli beas ngeteng oengoal powe, tjara noe henteu boga sawah bae.*

*Tadi di loehoer geus diseboetkeun, jen beas Krawang teh loba noe dikirimkeun ka loear, ka Batawi, malah ka tanah sebrang pisan.*

*Djadi koe sabab eta, katjida henteu anehna, sanadjan regentschap Krawang teh oeploek-aplak koe sawah, tapi tara aja pare ngendek lila, aja poepoerieunana dina mangsa paila.*

*Ajeuna dina mangsa tigerat, rea patani di Krawang noe henteu ngabogaan keur bekel hiroepna. Henteu aneh, da rea noe kabeulit koe „ngidjon-systeem" tea.*

*Koe pertoeloengan Binn. Bestuur noe ajeuna keur didjalankeun, pantes dinoehoenkeunana, sanadjan ieu teh geus djadi kawadjibanana oge.*

*Tapi katjida hadena, lamoen di ihtiaran soepaja ka hareupna henteu aja kadjadian kieu deui.*

*Nja dalah dikoemaha ari noe diroeksak koe natuur mah, tapi ari noe roeksakna koepada djalma deui mah, koe atoeran „ngidjon-systeem" tea, asana beunang keneh diihtiaran.*

*Ari dileungitkeun pisan mah, atoeran „ngidjon-systeem" teh taja petana, da sakadar noe mere ngindjeum djeung noe dibere ngindjeum atawa sakadar noe ngadjoeal pare, samemeh melak pare, henteu aja bedana djeung paman djer atawa voorschot bae, soepaja henteu ngadjoeal ka noe sedjen.*

*Tapi koe sabab geus katjida tetelana, lain saeutik mamalana ka patani, komo beuki tetela eta mamala teh dina djaman paila, djaman tigerat tjaga ajeuna, kawas moal aja gorengna lamoen pikeun regentschap Krawang mah diajakeun speciaal atoeran, nja eta oepamana bae kieu:*

*Anoe ngidjonkeun pare teh, koedoe make vergunning, make soerat idin ti Binn. Bestuur. Oelah diidinan ngidjonkeun pare, lain saleuwihna tina kaperloean hiroepna ki Djoeroe-tani katoet anak pamadjikanana.*

*Lain noe ngidjon bae noe koedoe make vergunning teh, tapi anoe ngadjoeal oge nja kitoe keneh bae. Henteu meunang diidinan lamoen dina leuitna henteu ngabogaan sesa pare keur hiroepna nepi ka oesoem diboeat.*

*Lamoen ngadjoeal poetjoek thee aja licentie, naon salahna lamoen keur pare oge aja contingenteering?*

*Ieu teh pikeun ngadjaga oelah nepi ka aja noe langlajeuseun di djero goedang pare.*

*Krawang mahmoer koe parena, tapi Krawang diantjam koe langlajeusean.*

## Sport

### Voetbal Soekamandi.

B.V.C. — V.S.O.
(Batawi) (Soekamandi)

Powe Minggoe noe anjar kaliwat di lapang Soekamandi diajakeun pertandingan voetbal saperti noe kaseboet di loehoer.

Pasangan ti doea pihakanana ieu di handap:

B.V.C.

*J.Brouwer*
*J.H.de Jongh H.L.J.Bourghelles*
*Weskin Soelaeman Kneefel*
*Knape Alexander v.Velse*
*van Houten Minos*

*Besoes Wahid*
*Roukens Ferdinandeus Sarlin*
*Doerachman Memet Armad*
*Masna Ajoeb*
*Napis*

V.S.O.

Tapi barang broei spelers ti doea pihakanana ka pakalangan mah tetela aja robahanana, saperti ti V.S.O. noeroetkeun programma noe koedoe djadi rechtbuiten teh toean Bremmer, lantaran toemali reu djeung kasehatanana teu meunang koe dokter, nja diganti koe Wahid.

Ti B.V.C. oge trek noe nerangkeun aja robahanana ngan ti antarana. P. Knape djeung de Jongh mah tetep miloe.

Penonton teu sabaraha lobana, beda ti keur djeung U.M.S.

Poekoel 5.10 maen dimimitian, dipingpin koe referee toean D. Wannee.

Barang proeng maen meh bae B.V.C. bedah bentengna koe bereoan V.S.O., ngan boeboehan bae B.V.C. teu njerah atah-atah.

Meh sababaraha kali V.S.O ngajakeun desekan, tapi teu bisa hasil lantaran achterhoede B.V.C. pohara banting toelangna, pangpangna de Jongh.

Koengsi bal malik ka bentengna V.S.O., malah sa'at anoe kadoea kalina mah V.S.O. teh koedoe narima eleh 1—0 koe bawaan P. Knape anoe ngadiadikeun ngoembang kadoeng Napis, sabab sanadjan bal teu sabaraha tarikna oge, lantaran datangna dasar pisan. Napis siga anoe horeameun nangtoekna.

Sanadjan V.S.O. geus kaasoepan hidji noe, dina anoe teu weleh ngadjeroan kana boeroehe roe moenahan hoetangna, boektina mingkin soesah soson pisan sarta keeper Napis oge diadi ngadakngadak tiaringtiing.

Meh bae Knape nambahan deui hidji, moen teu kesit keeper Napis ngaanvalna, sanadjan back geus tinggaleun oge.

Hidji katartiban keur B.V.C. waktoe diantjam koe Corner anoe disakalikeun koe Sarlin toer keepena teu bisa moeroe kana bal, (??)entoeng de Jongh keneh bae anoe bisa ngoesir eta bahaja.

Nepi kana waktoena ngaso teh stand teu robah.

Permaenan dipadjoe deui, bal tetep roeak-reok bae, saroea pada pada silih koeroeng moesoeh reu djeung lawan teh.

P. Knape anoe ngapalaan voorhoede B.V.C., salawasna meunang bal tetep matak pikasalempangeun, moen koerang-koerang rikatna Masna djeung Ajoeb mah.

Saboekna ka B.V.C. oge teu koerang-koerang gerebegan V.S.O. anoe matak bahaja, tapi boeboehan backsteina pohara karesitna, pangpangna de Jongh.

Overan ti Wahid anoe koedoena koe Sarlin digebloskeunana, teu laksana sabab anoe kaseboet pandeuri djiga anoe kagok pisan ngeschiet-na.

Sakali deui gelentoengan ti Ferdinandus toer hade pisan datangna, orokaja keeper ti B.V.C. pandjang pisan leungeunna, bal bisa diretour koe peureup ka tengah.

Lila pisan kaajaanana bal roeak-reok bae.

Sanadjan baraan V.S.O. ngaloearkeun tanaga anoe pohara oge, teu bisa laksana lantaran achterhoede B.V.C. katjida banting toelangna dina ngadjaga kahormatanana teh.

Wahid mindeng meunang bal anoe merenah, tapi lantaran permaenanana beda ti sasari anoe geus meunang poedjian hade ti penonton; teu bisa digoenakeun hartina mah.

Dina waktoe rek nepi kana boebaran, katjida matak handjakalna koe kaajaan spelers ti doea pihakanana siga anoe rek diadoe peureuhanana komo oepama nilik mimitina ti pihak B.V.C. mah hidji club hidji si kota toer kamana deuih.

Koekoehan ka-sportief-an!

Koe lantaran kitoe kaajaanana referee kapaksa ngaloearkeun strapan teu meunang neroeskeun maen doeanana.

Nepi ka boebaran stand angger 1—0 keur kaoenggoelan B.V.C.

### Langlajangan Bandoeng.

Lantaran meunang bedja, jen powe Minggoe tanggal 18 Augustus 1935 Bodjongkoenti baris ka datangan tamoe ti Patoeahwattee baris ngalajanan P.L.P.P ti Bandoeng, atoeh poekoel 2 teh geus tjlo di tempat ngadoe.

Patemonan dipapnesna leuwih leuwih batan Minggoe tea kang, eta kitoe deui boeboeronanana leuwih loba.

Noe laladjo saperti Minggoe tea kang bae reboean djelema, awewe lalaki pateroeal saroea lobana, nepi ka ditempat ngadoe teh saperti keur pesta bae.

P.L.P.P. datangna compleet han dinkal lawanana teu datang kabeh, nja eta Patoeahwattee teu aja nona aja tambahna ti Minggoe tea kang teh nja eta ti Paroengserah Soreang Tiflodas djeung ti Gadjah. Tapi sanadjan moesoeh leuwih loba dina ieu pertandingan P.L.P.P. leuwih oenggoel batan Minggoe tea kang sabab uitslagna ajeuna mah 11—52, tapi noeroetkeun tjatetan noe ditoelis dina bor lebah kana-ketia noe dia di wates, uitslagna teh 11—49 eukeur kaoenggoelan P.L.P.P.

Bedjana Minggoe hareup mah toeloes rek ngadatangkeun K.L.P.P. ti Patoeahwattee noe dilodjogoan koe djoeragan Anggreng.

### Voetbal Soemedang

V.V.T. — BINTANG SAWELAS.
(Taloen) (Bandoeng)

Powe Ahad noe anjar kaliwat di lapang Taloen Soemedang geus ditandingkeun antara clubclub anoe kaseboet di loehoer, ka lawan ditonton koe djelema anoe teu sabaraha lobana.

Poekoel 4.45 lepri nioep soeritna tanda maen rek dimimitian, samemehna lepri biantara heula koe basa Malajoe noe maksoedna menta ka spelers soepaja oelah aja permaenan noe loear garis, oge tjenah oelah sok ngagoegoe kana soerakna publiek noe temahna koerang hade, toetas ieu disamboeng koe wakil pangoeroes B.S., ieu spr. sadjabana ti menta oelah aja permaenan kasar teh, oge nganoehoenkeun ka noe ngangkir sarta tjenah teu bisa ngadatangkeun spelers klas 1 sabab aja halangan.

Sanggeusna di toss kakara noe soeh-lawan adoe hareupan, noe mimiti ngabagi bal centervoor semah, ngan bal teu koengsi madjoe lantaran kapegat koe barisan priboemi anoe toeloejna dibikeun ka katoehoe loear, koe ieu dibawa njemproeng toeroet sisi rek disakalikeun, kapegat koe half kentja, bal teroesna out.

Kitoe bae bal teh dina sawatara menit mah teu tiitiing dina sa tempat, ngan semah leuwih remen narimana gerebegan ti priboemi anoe dina sakali mangsa mah bal tatalepana tina sirah ka na sirah teh datangna ka toekang djaga goel oge ngan oekoer katoel, atoeh wajahna narima panjoerakan ti noe laladjo djeung kendang pentja dipadoengdoengkeun tanda semah noe kasoran 1—0 eukeur priboemi.

Bal dikatengahkeun, centervoor semah ngabagi bal, ngan orokaja oelin priboemi leuwih kesit toer sa roenggoeh-soenggoeh, sabalikna semah mah kaasoepan hidji teh siga taja hodjah, atoeh moenasabah lamoen dina djero memenitan geus kaasoepan deui hidji.

Geus eleh doea oge, ki semah teh tatjan tembong oelinna noe hade, sarta dina samemehna ngaso wajahna koedoe narima kaelehan 3—0 keur kaoenggoelan priboemi.

Koe sangkaan djelema rea ki semah teh balikna paling saeutik baris ngagondol kana satengah losinna sabab ningal oelinna dina memeh ngaso, tapi eta sangkaan teh sala'ahan, boektina ajeuna mah centerhoede priboemi noe koedoe remen narima panaradjang semah, ngan handjakal euweuh tembakan noe bahaja; tapi sanadjan kitoe kalah koe mindeng mah kalawan dibarengan koe kadaek, semah bisa oge laksana maksoedna ngorotan hoetangna djadi 3—1.

Kawasna ajeuna mah beuki meureng hate ki semah teh, tembong karapihanana dina ngoelinkeun bal, kitoe deui priboemi karepna erek maijr contant, ngan orokaja achterhoede semah ajeuna mah rada tjeniel atoeh bal noe bahaja teh djaoeh deui - djaoeh deui bae.

Bal ngagoroiongna henteu dina hidji tempat, toer moesoeh-lawan pada taraki-taki; hidji mangsa halfback katoehoe geus barong djeung kentja loear semah, sarta noe kaseboet ti heula soekoena kramp, atoeh kapaksa diganti koe tanaga anjar, parandene kitoe bal mah tetep dina ka ditoe - ka dieu bae, sarta nepi ka boebaran stand taja robahna tetep dina 3—1 keur kaoenggoelan V.V.T.

Lepri njoegemakeun.


OBAT PEPPERMUNT
WOODS'
Kangge panjawat gohgoj, njenjepan sareng patoeangan.


## Bedja-bedja.

### BAKAL PANGANTEN DITANGKEP.

*Lantaran boga dosa di Djambi.*

Noeroetkeun bedja anoe aja dina K.P. nerangkeun jen di kampoeng Oetan Pandjang Betawi geus aja kadjadian bakal panganten ditangkep lantaran manehna boga dosa di Djambi.

Noeroetkeun katerangan anoe aja dina eta soerat kabar kieu:

Moeskal — kitoe ngaranna eta djelema teh — tatjan sakoemaha lilana manehna datang ti Djambi sarta sadatangna ka dieu manehna teroes kawin ka hidji awewe oerang kampoeng anoe kaseboet di loehoer, tapi kakara oge doea minggoe manehna geus njerahkeun deui. Satoeloejna aja panjantan boga pamadjikan ka tatanggana anoe teu sakoemaha djaoehna ti dinja, teroes ditanjaan sarta geus djangdji bakal kawinna teh dina minggoe ieu.

Tapi kakara oge aja dina papatjangan ieu bakal panganten teh geus ditangkep sarta sakoer harta bandara bangsa emas-emasan djeung babarangan anoe sedjenna, nja kitoe deui doeit dibeslag koe politie.

Noe matak politie ngadjalankeun tangkepan kitoe, sabab politie Batawi narima seerat ti Djambi tjenah Moeskal di ditoena boga pamadjikan ka anakna djelema anoe beunang diseboetkeun tjoekoep. Tapi teu kanjahoan Moeskal ngiles teu poegoeh kamana djigna bari mawa doeit reudjeung babarangan anoe aja hargaan koerang leuwih pangadji sa reboe roepia.

Kitoe lalakonna ieu bakal panganten noe teu poegoeh kalakoeanana teh.

### DITEMPATKEUN PIKEUN TAHANAN.

*Opvoedingsgesticht di Malang.*

Noeroetkeun bedja ti Malang tjenah sakola anoe tadina ditempatkeun pikeun baroedak anoe nakal, ajeuna dirobah djadi tempat pikeun nahanan djelema anoe kasangka.

### RADJA PATI DEUI BAE.

*Kadjadian kedjem di Pamekasan.*

Noeroetkeun bedja ti Pamekasan, tjenah di onderdistrict Waroe, kamari aja kadjadian radja pati deui bae. Noeroetkeun katerangan anoe maehanana aja opatan, sarta dina ngadjalankeun ieu kalakoean teh pohara pisan kedjemna. Awakna anoe dikaniaja pinoeh dikadekan koe bedog sababaraha loewoek.

Ajeuna masih keneh didjalankeun panaloengtikan saha djelemana anoe ngadjalankeun ieu kalakoean teh, babakoena nja eta nerangan komplotanana.

### DEUI RADJA PATI.

*Majitna kapanggih ti rawa.*

Di loehoer kakara oge nerangkeun radja pati di Pamekasan, ajeuna aja deui bae anoe kadjadian kitoe teh nja eta di Tjipondok asoep ka bawahan Tangerang.

Koe lantaran aja aambeuan anoe pohara baoena saperti bangke, djelema-djelema anoe aja di eta kampoeng pada kaget sarta diteangan bisi enja aja noe kitoe. Barang di rantja kapanggih aja bangke djelema ngambang sarta kaajaanana kawas geus rada lila.

Sanggeusna kanjahoan kitoe, gantjang dipoepoelihkeun ka politie anoe teu sakoemaha lilana didjalankeun papariksaan.

Noeroetkeun katerangan dokter tetela eta majit teh maotna koe lantaran panganiajaan, sabab katembong dina sababaraha bagian badanna aja tapak panganiajaan parabot seukeut. Koe kira-kira ajana eta majit di rawa teh aja 1[illegible] powena. Tapi anoe katjida anehna, ka ieu anoe tjilaka teh henteu aja anoe njahoeun oerang mana djeung saha ngaranna.

Koe sabab kitoe ajeuna masih keneh ditatanjakeun bisi aja anoe kaleungitan djelema.

Saha anoe ngadjalankeun panganiajaanana oge keur aja dina panaloengtikan politie.

## PAPARIKSAAN NOE NGARAMPOG.

*Aja oge anoe dibebaskeun.*

Noeroetkeun bedja ti Soerabaja, tjenah landraad Madioen geus ngadjalankeun papariksaan ka djelema-djelema anoe ngarampog ka kapala desa Krowek tea.

Waktoe aja keneh dina tangkepan, sanadjan make perdjagaan extra, tapi noe doeaan koengsi bisa kaboer, anoe doea deui geus bisa njoempoet di kolong randjang.

Ngantet djeung ajana ieu perkara, pangadilan moetoeskeun, anoe djadi kapalana dihoekoem boei 8 taoen anoe kadoea 6 taoen, tapi anoe tiloean deui mah dibebaskeun.

## HIDJI OFFICIER TILELEP.

*Naon anoe djadi lantaran?*

Noeroetkeun bedja Aneta ti Koetaradja, tjenah hidji officier ngaran H.J. Hardks, ti detachement di Bleng Pidie, mangkoekna sore keur waktoe ngadjalankeun patrouille geus tilelep nepi ka hanteuna.

Naon lantaranana anoe matak nepi ka aja kadjadian kitoe atjan aja deui katerangan anoe sedjenna.

## BAKAL KASOEMPINGAN GEGEDEN MILITER.

*Sababaraha tempat anoe bakal disoempingan.*

Noeroetkeun bedja Aneta keneh, tjenah gegeden militer attache ti Frankrijk anoe aja di Siem, Kolonel Rou, moal sakoemaha lilana deui bakal ngajakeun perdjalanan ka sababaraha tempat ngoeninga militaire instellingen di sababaraha tempat. Ti antarana andjeunna bakal soemping ka poelo Djawa.

Iraha waktoena soemping atjan aja katerangan deui.

## KONGRES P.K.N. DI DJOKJA

*Didatangan koe 10.000 oerang.*

Njamboeng kana bedja anoe geus dimoeatkeun dina ieu soerat kabar, jen P.K.N. dina powe mangkoekna tamat ngajakeun kongresna di Djokja nja eta di gedongna Prins Soerjodiningrat.

Pakoempoelan anoe kaseboet di loehoer teh, pikeun di Vorstenlanden mah hidji pakoempoelan anoe katjida pisan gede pangaroehna.

Koe sabab kitoe, noeroetkeun katerangan Aneta, lobana djelema anoe daratang kana ieu vergadering taoenan teh moal koerang ti 10.000 oerang.

Dina waktoena aja kongres anoe kaseboet di loehoer, kota Djokja ngadadak djadi rame lang koeng ti biasa.

## DOEA AMENDEMENT TI DJRG. THAMRIN.

*Tina bagian uitvoerrechten*

Djoeragan Thamrin di Volksraad c.s. geus ngasongkeun doea amendement, anoe maksoedna nja eta soepaja diajakeun uitvoerrechten pikeun thee, kinabast reudjeung kina-producten.

Lamoen ieu atoeran didjalankeun bisa ngadatangkeun deui kaoentoengan pikeun pamarentah anoe lobana aja f 1.948.860 reudjeung f 600.000 dina saban taoen.

## PERDJALANAN IR. MUSSERT.

*Noe kaalaman di Palembang.*

Njamboeng kana bedja anoe geus dimoeatkeun dina ieu soerat kabar, jen perdjalanan ieu pamimpin N.S.B. teh geus nepi ka Palembang.

Dina powe Djoemaah anoe anjar kaliwat, ieu pamimpin teh geus ngajakeun lezing anoe disaksian koe koerang langkoeng 700 oerang, ti antarana aja sababaraha ambtenaren civiel djeung militer.

Dina satamatna ieu anoe 700 oerang teh pada keprok, nandakeun kasoegemaanana, malah lamoen ngingetkeun kadinjana, di Palembang mah beunang diseboetkeun kakara aja 700 oerang Walanda koekoempoelan saperti harita.

Powe Saptoe poekoel 8.30 isoek, ir. Mussert noeloejkeun perdjalanana ka Pakan Baroe noempakan kapal ngapoeng Knilm.

# Pasoendan

## Ti Soekamandi.

### TOONEEL - VEREENIGING MEKAR SEKAR GALIH (M.S.G.)

Perkoempoelan tooneel anoe kaseboet di loehoer teh, diadegkeunana koe sawatara pendoedoek di desa Poerwadadi djeung Pasirboengoer, malah bedjana kaajaanana geus beunang diseboet madjoe.

Kamari oge dina malem Saptoe noe anjar kaliwat, geus nembongkeun pangabisana di kampoeng Soekamoelja (Soekamandi) ngahadja meunang ngondang noe rek boga kariaan, tapi handjakal speelsterna teu compleet lantaran koe roepa-roepa halangan, kapaksa ngadadak ditjempoeran ti P.T.S. (anoe geus dikoeboer. K.)

Dina tjaritaanana kabeh acteurs sakitoe mah mokaha walanter, ngan handjakal dina prak-prakanana aja keneh tjawadeunana, saperti dina bidjil bedrijf: indoeng djeung anak keur tjatjarita, si noe djadi anakna teu aja roepa tata panghormat saperti koemaha adab biadabna noe djadi anak ka indoeng (meh djiga ka pamadjikan bae), boh dina tatana boh di na tjaritana, djeung loba-loba deui kasalahan anoe saoetak-saeutik.

Koe djalan ieu toelisan moegamoega anoe djadi directeur M.S.G. kahareup kersa ngaloeloejoe, malar tambah kamadjoeanana.

Tjek bedja di eta desa teh sadieba aja perkoempoelan tooneel anoe geus kaseboet di loehoer, aja deui doea tooneelvereeniging, ngan bae anoe doea deui mah concurrentie bae alias teu daek loejoe.

Oepama bedja tea bener, tjing atoeh teangan djalan kaloejoean, asa pamohalan ngarah teu kapanggih mah.

### DIRINGKID KOE BATOER SAIMAH.

Di kampoeng Soekamoelja keneh malem Saptoe noe anjar kaliwat, boedjang sadap ngaran Mas'oen papakeanana geus diringkid kabeh koe batoer saimahna, katerangan tjek noe mawa bedja mah kieu:

Waktoe ngaran Mas'oen aja di tempat pamaenan, anoe noenggoean imahna teh batoerna ngaran Kahjar (maloem kaajaan di bedeng onderneming. K.) ari balik bet papakeanana teu aja sapotong-potong atjan, oge noe noenggoean imahna isoekna teu aja.

Nepi ka ieu bedja ditoelis anoe boga dosana masih tatjan kapanggih keneh bae.

Aja-aja bae sakieu keur oesoem soesah teh.

### AKALNA TJOPET.

Dina malem Saptoe noe anjar waktoe aja laladjoaneun golek di kampoeng Soekamoelja, toekang dagang soto katjopetan doeit dina latjina, katerangan ti noe mere bedja mah kieu:

Teu sabaraha djaoehna ti eta toekang soto, aja anoe menta dipangwadahankeun soto saping oan, ari djalmana aja doeaan.

Barang toekang soto nganteurkeun soto tea ka noe saoerang, si anoe saoerang deui mah moeroe latji tanggoenganana sarta teroes loempat, nja kitoe deui noe ngadahar soto tadi tea, roepana bae majar sasen tapi bari teroes loempat njoesoel batoerna.

Sanggeus toekang soto ngarti jen eta djalma djahat, teroes bae dioedag tapi lapoer teu kasoesoel.

Aja-aja bae meunang ngaleleng koet dibelaan toendoeh-toendoeh teh, ladangna ditjokot batoer. (Kama).

---

Noeroetkeun bedja ti Fort de Kock, powe Saptoe keneh Ir. Mussert geus nepi ka Pakan baroe di papag koe sababaraha angahota N.S.B. anoe aja di eta tempat.

Sanggeus kitoe toeloej ka Fort de Kock. Di dieu oge loba pisan noe mapagkeun, satoeloejna nja ngajakeun deui lezing di Hotel Centrum.

Powe Minggoe, Ir. Mussert aja di ondeneming Halaban, nja eta djadi tatamoena Administrateur di eta ondeneming toean Holst Pelekaan. Powe Minggoe sore, noeloejkeun perdjalanana ka Padang. Dina powe Senen ngadatangan ka pabrik cement Indaroeng. Malem Salasa ngajakeun deui lezing di Padang. Djelemadjelema anoe marenta disadiakeun tempat ngaleuwihan tina lobana korsi anoe disadiakeun.

Sakitoe narikna perhatian dina perdjalanan Ir. Mussert teh.

## Ti Djakarta

### R. MOESTAMI DI R. v. JUSTITIE.

Tjeuk J.B., kamari geus prak deui R. van Justitie ngagarap perkara fraude R. Moestami alias R. Prawirasoedjana, oeroet djoeroetoelis di kantor, kaboepaten Bandoeng.

Papariksaan noedoehkeun, jen noe didakwa teh biasa meunang opdracht ti doenoenganana (Tjamat), pikeun ngirim - ngirimkeun doeit. Tapi remen kadjadian si doeit kirimkeuneun teh dipake heula, sarta bisa teroes dikirimkeun, dimana manehna boga keur ngagantian.

Kitoe djeung kitoe bae, make patokan „toetoep lobang, kali lobang", nja nepi ka kapanggihna.

Isoek (powe ieu! Red. Sip.) papariksaan baris diteroeskeun, ngasongkeun saksi Asa. Wedana ti regentschap Bandoeng.

### TOENGTOETAN KA BESTUUR KONGRES PEREMPOEAN INDONESIA TEA.

*Ajeuna dibatalkeun.*

Sakoemaha anoe geus diterangkeun dina ieu soerat kabar, jen dina waktoe ngajakeun kongres Perempoean Indonesia anoe kadoea di Djakarta geus didjalankeun toengtoetan koe politie lantaran aja sababaraha boedak anoe tatjan sampe oemoer aja dina eta koempoelan.

Dina papariksaan anoe didjalankeun koe politie, nja kitoe deui dina djawabanana Djoeragan Sri Mangoen Sarkoro nerangkeun jen ti tadina oge, dina samemehna moeka vergadering geus diwawarkeun henteu meunang aja baroedak anoe oemoerna koerang ti 18 taoen. Tapi dina keur waktoe vergadering sigana henteu kanjahoan aja baroedak anoe arasoep ngalampeurkeun (neangan) indoengna. Djadi ajana kadjadian kitoe teh lain maksoed ngalanggar oendang-oendang hak koempoelan, tapi henteu kanjahoan.

Ngantet djeung ajana kadjadian anoe kaseboet di loehoer, ajeuna meunang bedja, tjenah eta toengtoetan teh dibatalkeun, ngan djoeragan Sri Mangoen Sarkoro meunang tegoran bae ti politie, sing hade-hade lamoen ngajakeun deui vergadering oelah aja kadjadian kitoe.

### AMPIR DJADI BAHAJA SEUNEU.

*Kadjadian di Gang Kantjil*

Peuting kamari (malem Senen kira poekoel 1) di Gang Kantjil geus aja kadjadian bahaja seuneu, tapi oentoeng henteu katateroesan, kahoeroe kanjahoan koe oerang kampoeng eta anoe keur aja pesta.

Kadjadianana aja seuneu hoeroeng teh nja eta di bagian toekangna imah toekang minatoe.

Koe anoe manggihan tea gantiang dibedjakeun bari gegeroan menta toeloeng soepaja eta seuneu pada mareuman.

Atoeh henteu lila boeroedoel djelema-djelema daratang ka dinja, nja koe ihtiar eta keneh seuneu bisa pareum.

Noeroetkeun katerangan toekang minatoe oge henteu njaho tina naon asalna ieu kahoeroean, ngan koe kira-kira seuneu di hawoe henteu beres dipareumanana, nepi ka kadjadian tengah peuting kahoeroean.

Politie masih keneh ngadjalankeun papariksaan.

### MISS RIBOET DI BOGOR.

Ajeuna Miss Riboet ngadjalankeun kabinangkitanana di Bogor.

Peuting kamari (malem Senen) Miss Riboet ngajakeun afscheidsvoorstelling di Thalia Mangga Besar Batawi.

Dina ieu peuting panoetoep teh beunang diseboetkeun pohara lobana anoe daratang ngaboektikeun koemaha kaaloesanana opera anoe kaseboet di loehoer.

---

Sakoemaha anoe geus diterangkeun ti heula bae, ti kalangan menak, partikoelir, loba pisan anoe ngaboektikeun nepi ka tempat kabehanana pinoeh.

Ti mimiti peuting tadi Miss Riboet aja di Bogor.

# Soerat

*(Loear tanggoengan redactie).*

*Kondjoek kapajoenan djoeragan Voorzitter Regentschapraad, hing Tasikmalaja.*

*Djoer. Voorzitter.*

*Sareng hormat.*

Oendjoek oeninga: i abdi nami poen Madharip asal dengng Bodjong (Tjiamis), mios ti lemboerna djoedjoealan, kajaning: mrompok, kebon, sawah, kenging arta f 700.— Nja dianggo moeka leuweung „Lakbok" sapiri oempi tiasa moeka kirang-langkoeng 9 baoe.

Ari ajeuna eta sawah kedah dipeser koe pribadosna dina 1 baoe f 120.—, djadi 9 baoe 9 × f120 = f 1080.—

Koemargi teu pakeun meser, sa tampina poetoesan dongkap ka rorompokna ladjeng „edan" kenging sawatara dinten maot.

Nja kitoe deui wasta poen Tawidjaja, moeka kirang-langkoeng 1½ baoe, saparantosna dipoetoes kedah dipeser, ladjeng „edan" namoeng oentoeng tiasa sae deui.

Djoeragan Voorzitter:

Sareng hoermat.

Abdi ngoeping ti noe njarios, pangaos sawah-sawah di Lakbok teh diatoer kieu: klas V anoe leuweung keneh 1 baoe f 15, klas IV: f 40; klas III: f 60.—; klas II f 80.—; klas 1 pangsaena f 120.—; Dina ieu pangaos 1 baoe, estoe moenasabah pisan abdi teu kinten moepakatna.

Djoer. Voorzitter.

Sareng hoermat.

Moeng dina ngadjoealna abdi teu kinten „teu rempagna saroepi kieu:

„Noe meser kl. V leuweung keneh f 15.—"

„Noe meser kl. I sawah pangsaena 1 baoe f 120.—"

Ieu noe meser teu matjoel satjogek-tjogek atjan: estoe loegina 1 baoe f 120 teh, atawa meser 1 baoe bockaeun f 15.—

Djoeragan Voorzitter:

Sareng hoermat.

Soemangga galih djoeragan Voorzitter! poen Madharip poen Tawidjaja, apan anoe diboeka koe pribadosna teh leuweung keneh, nja eta lebet kl. V noe pangaos f15 dina 1 baoe, tiasa so teh djadi sawah klas I pangaos f 120.— dina 1 baoe parantos ka tanagaan koe pribadosna: „ieu pangaos kaemoet koe abdi pintjang.

Djoeragan Voorzitter:

Sareng hoermat.

Soemangga djoeragan Voorzitter! „Noe moeka tina leuweung djadi sawah klas I koedoe dibeuli koe pribadosna 1 baoe f 120"— „Ari koe noe teu moeka dipeserna klas I 1 baoe f 120, toer artosna ditoeloeng ti bank, ieu kaemoet koe abdi kirang adil."

Djoeragan Voorzitter:

Sareng hoermat.

Koemargi ieu abdi voorstel ka Raad:

I. Eta sawah klas I noe pangaos f 120, 1 baoe lamoen dipeser koe noe teu moeka tetep f 120.— dina 1 baoe.

II. Nanging eta sawah klas I noe pangaos f 120 1 baoe, oepami dipeser koe noe moeka, ti awis leuweung doegi ka djadi sawah klas I, tjekap f 60: dina 1 baoe (saparo harga) noehoen oe pami dipasihan pangaos kirang ti sakieu.

III. Djadi koe panoehoen abdi kieu, djalmi-djalmi noe moeka teu bisa meser, engkena teu ngalamot tjoeroek teuing, oepami moeka 2 baoe, bisa ngadjoeal 1 baoe f 120.— keur ngadoeit eta sawah noe 2 baoe tea djadi pribadosna masih aja milik 1 baoe boeroehan tjapena, teu saroepi ajeuna aja noe teu kabagian satjoeroek-tjoeroek atjan.

IV. Ringkesna panoehoen abdi, dipeser „koe noe moeka" sareng „koe noe teu moeka" njoehoenkeun dibentenkeun.

V. Ieu panoehoen abdi njoehoenkeun dibarempagkeun dina kempelan R.R. anoe tjaket.

VI. Oepami ieu panoehoen teu digalih koe „Raad" langkoeng sae abdi tirenkeun tina ieu „kaelidan", minangka panoehoen abdi noe sakeras-kerasna, tina sanget hawatos ka abdi-abdi noe maroeka tanah, sanggeusna teu tiasa meser, leungit tanaga beak bandana, ka mana geusan balik sanak bodjona. Hal oesoel-asal na eta tanah pang warani moeka, abdi teu tiasa netepkeun mana noe jadoeh salah — mana anoe bener, ti antawis „B.B" sareng „somah" oge, sareng Contract Bantardawa" eta sanes bagian abdi, teu borong „pamarentah anoe adil.

*Sakitoe panoehoen abdi poen*

(wg.) *HARDJOPROEWITO.*
Bandjar 17 Aug. 1935.

*Ti Red. Sip.:*

Nepi ka siga „manis toengtoeng pait" lalakon Lakbok teh.

Koemaha pentingna soeal anoe dikembrakkeun koe djoeragan Hardjoproewito di loehoer, lain ngan bisa dioekoer kana „ultimatum"-na bae, tapi oemoem pertjaja bakal bisa nimbangna, toer sageoj hal pantar kitoe koe maad diolainkeun mah.

Diaba eta, henteu koerang menel pihartieunana atawa pimaksoedeunana kalimah noe pamaekan. Teu perloe bisa matja antara djadjaran bae, lantaran koe noe saregep ngalenjepanana mah oedjoeg-oedjoeg breh katangen koemaha mangmangna noe noelis kana kakaliroean — oepama rek diseboet kakaliroean tea mah — pangna somah warani moeka tanah lebah dinja.

..........teu tiasa netepkeun mana noe gadoeh salah — mana anoe bener, ti antawis B.B. sareng somah-somah oge sareng contract Bantardawa......" saoer djoeragan Hardjoproewito.

Ieu kalimah pepel eusina: lain ngan doemeh ngeunaan B.B., somah djeung onderneming bae, tapi moenel keur nanaloengtikan netepkeun noe salah djeung bener, oepama tea mah aja noe koedoe digandjar salah djeung bener tea.



RANG!....

Bola soedah tang, koe ada satoe tandangan keras. Oerat sjaraf bakerdja baik. Koe lantaran di oeroet tetap dengan memakai Sloan's liniment. Sloan's liniment membikin oerat sjaraf lemas dan koeat. Tida ada satoe Sportman permainannja baik kaloe tida pakai Sloan's liniment.

SLOAN'S LINIMENT

210 Cl. 2

# Bandoeng

**—(Kota djeung wewengkonna.)—**

### KAHOEROEAN DI HOTEL TJITERE TEA.

Sanggeusna rengse ajeuna ka njahoan aja barang-barang anoe sidik teu kadoeroek, tapi leungit, malah sabagian, aja barang semah anoe kabeneran keur aja di eta hotel. Atoeh noe djadi eigenaarna teu tjitjingeun teroes lapor ka politie.

# Koran batoer

**Kaamanan di djalan.**

Djelema anoe tjarilaka di djalan-djalan lantaran toetoempakan henteu beunang diseboetkeun saeutik.

Di oenggal tempat djeung oenggal kota, aja bae kadjadian anoe saroepa kitoe teh.

Pikeun ngadjaga soepaja oelah loba teuing kadjadian anoe saroepa kitoe, dina „Pewarta Soerabaja" mangkoekna geus aja toelisan kieu:

*BAEK DILARANG*

*Katjilaka'an vrachtauto dengen aanhang-wagen soedah terdjadi sering. Ada lebih baek lagi kaloe aanbhang-wagen dilarang, dan kaloe eigenaar vrachtauto itoe perloe sama kereta jang doea kali lipet besarnja, soeroeh sadja pake vrachtauto jang pandjang pake 6 atawa 8 roda, tapi djangan jang digandengkan.*

*Soedah djadi kebiasaan, saban vrachtauto jang djalan, semoea orang jang naek speda menjimpang di tepi begitoe roepa, hingga kaloe si vrachtauto soedah liwat, lekas-lekas orang poeter stuurnja ka tengah dengan hati lega. Boekan sadja speda, tapi poen dokar dan orang djalan kaki. Vrachtauto jang pake gandengan djoestoe lantaran ini, djadi berbahaja. Jang aneh dari atoeran gemeente atawa politie, ialah vrachtauto pake aanhang-wagen tida dilarang, adalah orang naek speda dengan gandengan moeka-belakang dilarang keras.*

*Betoel vrachtauto begitoe bisa himatkan tempo dengan satoe kali djalan bisa trima moeatan banjak, tetapi djoemblah manoesia djato koerangan!*

Kana katerangan „Pewarta Soerabaja" kitoe, tangtoe loba anoe moepakat, sarta gede pangharepan kana boeroe-boeroe didjalankeunana.

---

Koe actiefna noe djadi Bestuur di Pangalengan babarengan reudjeung Veldpolitie ti Bandoeng, sanggeusna neangan katerangan sarta njieun galadahan ka sawatara imah noe disangka, di desa ajeuna geus ditahan tiloe djalma, sarta aja kaboektian barang-barang anoe leungit tea.

Roepana bae satadina mah rasa mel..aha. Pitjontoeun.

### SAKOLA INSINJOER.

Geus dipoetoeskeun, dina examen cursus taoen 1934 1935 teh noe loeloes mareunang diploma civiel ingenieur nja eta:

Toean E. L. M. Berretty (make tjap „met lof") djeung toean-toean: Th. Adriaanse, H.A. Deighton, Go Pok Oen, M. Goenarsa, W. Von Hugo, Ide Bagoes Oka, King Liong Yap, L.C.A. Langendam, R. W. Trense, W. H. Trense djeung J. H. Warouw.

Njamboeng ka noe enggeus, loeloes dina candidaats-examen eind 3e studiejaar toean-toean: Ch. J. van Coervorden, Mohamad Natal Siregar, J. M. Neijendorff, R. Oekar M. Soetomo Wongsotjitro, J. H. Spenkelink, Tan Hwat Bo S. Theuvenet, C. A. van Vrijberghe de Coningh djeung P. Th. Wijnhamer.

Loeloes dina candidaats-examen eind 2e studiejaar toean-toean: R. Entjon, J.C. Haccou, R.Ng P. Koesoedianto Hadinoto, Phoa Liong Djoe, Sanoesi, Sardjono djeung R. Soegito.

Loeloes dina candidaatsexamen eind 1e studiejaar toean H. J. De Groot.

### KAPAL NGAPOENG DOUGLAS BANDOENG — SINGAPOER.

Sakoemaha anoe geus diterangkeun dina ieu soerat kabar, ajeuna di Knilm ngabogaan kapal Douglas anoe alanjar keneh pisan.

Dina perhoeboengan djalanan antara Bandoeng Singapoer, via Batawi Palembang, mimiti pisan didjalankeunana dina powe kamari koe ieu kapal teh.

## LEUNGITEUN BOEDAK.

Hidji boedak awewe ngaran Ami alias Idjah, oemoer kira-kira 13 taoen, asal oerang kampoeng Pamoelihan desa djeung onderdistrict Sitoeradja (Soemedang) aja di Bandoeng, di djoeragan Ar dipradja kampoeng Tjirojom (Kebon djoekoet) No. 92/26.

Doeka ka mana dijgna, doeka saha noe mawa, henteu kanjahoan, eta boedak awewe teh geus leungit.

Atoeh ajeuna teh keur pada na reangan.ari boedakna djangkoeng leutik, begang, koelitna hideung. Ari tjirina handapeun biwir panon aja karang, dina bitisna rea koetil. Keur eta boedak leungit tih, make badjoe kasoemba, samping lereng geus boeroek.

Karoenja bisi katalangsara, koe sabab eta, lamoen aja noe manggih katjida hadena lamoen mere bedja ka noe ditjitjingan, nja eta noe kaseboet di loehoer tea.

## POST- EN TELEGRAAFDIENST.

Chef post en telegraafkantoor Bandoeng mere bedja, jen ngamimitian ti powe ieu, hulppost en telegraafkantoor di Singkoelirang diboeka keur publiek, ari waktoe na ti poekoel 9 nepi ka 11 isoek djeung ti poekoel 3 nepi ka 4 beurang.

Djaba ti kitoe teh, bisa ngirim keun telegram ti poekoel 8.30 nepi ka 8.45, poekoel 11.30 nepi ka 11.45, poekoel 4.30 nepi ka 4.45 djeung ti poekoel 5 nepi ka toetoep, di radiostation.

Ari dina powe Ahad djeung powe noe dimoeljakeun mah ditoetoep.

## Rd. Rg. NATASOEDARMA.

Dina ieu soerat kabar geus ditjaritakeun jen perkarana Rd. Rg. Natasoedarma teh, oeroet Wadana district Tjiparaj tea, dipoendoerkeun kana tanggal 17 djeung 18 boelan hareup lantaran noe di dakwa henteu damang.

Eta noe henteu damang teh, mimitina titirah di roemah sakit Sitoesaeur, tapi ajeuna titirahna di roemah sakit Borromeus di Dagoweg.

Bisa djadi perloe di-operatie.

## MUTATIE DEPT. V. en W.

Njonja F. E. Paulina, klerke di Controle S.S. koe sabab lila dina dienst, meunang verlof sataoen ka Europa, diitoeng ti 16 Dec. 1935.

G.W. Jassen, controleur di P. T. en T. dienst koe sabab geus 6 taoen dienst, meunang verlof 8 boelan ka Europa, diitoeng ti 16 Nov. 1935.

## NOE MALING MOBIL TEA.

Dina ieu soerat kabar geus ditjaritakeun jen aja noe maling mobil ti hareupeun Luxor bioscoop.

Ajeuna bisa njaritakeun jen eta noe maling mobil teh geus katangkep di aTsikmalaja, mobilna aja keneh. Noe malingna bangsa Priboemi, ajeuna aja dina tahanan politie di Bandoeng.

## LANDGERECHT BANDOENG.

Kamari noe dipadjoekeun ka pangadilan Landgerecht Bandoeng teh aja 57 perkara, tapi ka paksa aja 1 perkara noe dipoendoerkeun kana sedjen waktoe.

Di antara noe dipoetoeskeun perkarana tea, aja noe ditibanan hoekoeman dengda noe pangsaeu tikna f 0.25 sarta noe panggedena f 50.—

Ari hoekoeman boei mah, noe pangsaeutikna 5 powe sarta noe panggedena saboelan, tina perkara make koeda letjet, perkara maling leuleutikan, djeung perkara nganiaja henteu parna.

Aja saoerang noe dilepas, sabab henteu tetela dosana.

## RESTAURANT „KENANGA"

Di gigireun Toko Tjijoda, ajeuna geus ngadeg hidji Restaurant anoe ngaranna saperti di loehoer.

Oerang Sipatahoenan geus diondang ka dinja, pikeun ngaboek tikeun koemaha kaajaanana.

Nilik kana patempatanana, nja kitoe deui harga-hargana kadaharan anoe aja di eta restaurant, njoemponan kana kaajaan djaman tigerat.

## BARANG-BARANG DI KANTOR POLITIE.

Barang-barang anoe disimpen di kantor politie Tjitjendo ti tanggal 12 nepi ka 18 Augustus, sakoemaha anoe diberendelkeun ieu di handap:

4 kareta mesin lalaki, 1 wadah anoe dieusi roepa-roepa barang, 1 wadah anoe dieusi sendok reudjeung peso, 1 Parker vulpenhouder, 1 schooltasch, 1 sapoetangan anoe dieusi doeit f 0.13½ djeung 2 konsil, 1 pajoeng lalaki djeung 2 blocknots, 2 pamotretan, 1 saroeng tangan awewe, 2 pak amplop djeung 1 vulpenhouder, aja deui loket noe dieusi doeit f 7.195

Barang-barang anoe kaseboet di loehoer, saha bae anoe ngarasa kaleungitan eta barang, meunang njokot ka Hoofdbureau van Politie Tjitjendo, waktoena poekoel 8 nepi ka poekoel 10 isoek.

## AWAS KARETA MESIN!

J.P.B. oerang Baladewaweg 8, peuting kamari geus kapalingan doea kareta mesin ti imahna, anoe hidji kareta mesin awewe merk „Snel" fabrieknummer 810086 henteu make plombe, 1 deui kareta mesin lalaki oge henteu make plombe, merkna onbekend, malah sadjaba ti eta teh aja deui anoe dipaling, nja eta 6 kamedja, 1 blek thee djeung peso paranti di dapoer, djoemblah-djambleh kira pangadji f 75.—

J. oerang Gang Bongkaran no. 57, kareta mesinna merk „Engeland" keur waktoe dipake ka Pasar Baroe sarta eta kareta ditoenda di hareupenana eta pasar, teu kanjahoan geus aja anoe njamber deui bae. Pangadji tjenah f 20.—

## BANK COOPERATIE BOEMI POETRA ROEKOEN ICHTIAR.

Bank Cooperatie anoe kaseboet diloehoer teh, beuki dieu beuki ka tembong bae kamadjoeanana, sanadjan atjan ngabogaan modal anoe gede, tapi katembong atoeranana katjida beresna.

Noeroetkeun rapportna verificatie Commissie anoe ngadjalankeun papariksaan kana kaajaan ieu bank, nja eta para djoeragan S. Admawiria, Hardjosoewito reudjeung Soeradiredja, kaajaan ieu bank dina sadjero 6 boelan (Januari nepi ka Juni taoen ieu) saperti anoe ditoelis ieu di handap:

Panarimaan dina boelan Januari f 1635.44, Februari f 649.73, Maart f 656.73, April f 570.93 Mei f 571.72 djeung Juni f 700.44.

Totaal panarimaan aja f 4784.99 dina sadjero 6 boelan teh.

Ari kaloearan dina waktoe anoe kaseboet di loehoer teh aja f 4784.99 dihidjikeun djeung kas saldo per 30 Juni aja f 56.10.

Nilik kana beuki ngagedeanana ieu bank, gede pangharepan bakal teneh madjoena.

## GEMEENTELIJKE ARBEIDSBEURS.

Noeroetkeun tjatetanana Gemeentelijke Arbeidsbeurs Bandoeng, lobana djelema-djelema anoe marenta pagawean dina sadjero boelan Juli 1935 aja 181 bangsa Europa, 714 Indonesiers reudjeung 29 bangsa Tionghoa.

Tina djoemblah anoe sakitoe teh bisa mareunang pagawean aja 100 oerang. Ti antarana anoe menta pagawean ka ieu badan teh aja 1 Ingenieur, Architect, Assistent Apothekers djeung rea-rea deui.

Djadi djoemblahna anoe marenta pagawean dina boelan anoe ka seboet di loehoer teh aja 924 oerang.

Lamoen perloe engke pandeuri diterangkeun sabaraha lobana djelema anoe menta pagawean dina sadjero 7 boelan (Januari nepi ka Juli 1935).

# Telegram

(V.P. — J.B.)

### DUITSCHLAND.

**Stadion noe panggedena**

*Paranti congres kaoem Nazis.*

Neurenberg, 18 Aug. Hitler ajeuna geus ngabangoen rarantjang djeung marentah soepaja njieun stadion noe kaasoep pang gedena di sakoeliah djagat, bisa dieusian 150.000 djelema.

Maksoedna pang ngajakeun eta stadion teh, sangkan oenggal taoen bisa dipake congres koe kaoem Nazis.

**Nazis contra Katholieken**

*Boedak djeung boedak.*

Dusseldorf, 18 Aug. Aja toedjoeh elid ti perkoempoelan baroedak kaoem Katholiek noe geus di tibanan hoekoem boei ti 5 nepi ka 10 boelan, didakwa magar dina tanggal 4 boelan ieu maranehana na geus naradjang ka sawatara oerang elid ti perkoempoelan baroedak kaoem Nazis.

### ENGELAND

**Inggris djeung Italie Ethiopie**

P a h i b o e t n g a j a k e u n r o e p a - r o e p a b a b a d a m i a n.

Londen, 19 Aug Sir Samuel Hoare, kapaksa noenda tempo pakantjina, moeroe ka Londen, ngadeuheusan ka radja.

Stanley Baldwin oge kapaksa megatkeun mangsana reureuh, baris gantjang ka Londen.

Isoek, Eden djeung Hoare baris badami, ngabandoengan kaajaan.

Baldwin ti Aix les Bains gesat gesoer ka Londen, sangkan kaboeroe keneh mingpin extra koempoelan kabinet minggoe ieu, anoe oge bakal ngabarempoegkeun soeal kaajaan kapolitiekan.

### DUITSCHLAND

**Lamoen di Djerman anti Nazi**

W a k t o e - w a k t o e i e u k a o e m K a t h o l i e k a n o e k e u r d j a d i w a d a l t e h.

Gleiwitz, 12 Aug. Pastoor Caroba ajeuna geus ditibanan hoekoem dengda 500 mark, tjenah doemeh geus ngagoenakeun kapangkatanana sebagi pamanggoel Katholiek, kana soeal kapolitiekan. Kitoe di antarana dakwaan anoe dikeunakeun ka ieu pastoor teh:

Sala sahidji awewe boga anak doea, lalaki; maksoedna eta doea boedak teh baris dipasrahkeun ka instituut kaoem Nazis, geus djadi kabiasaan, sanes engkena lamona meunang diploma teroes digawekeun di nagara meunang sataoen. Pamaksana para kitoe teh keukeuh ditolak koe pastoor tea, doemeh geus soepaja oelah toeloes. Ieu hal ... awewe dibedjakeun ka salakina, noe teroes bebedja ka pangawasa nagara.

### TIONGKOK

**Maotna journalist Jones**

T j e n a h h e n t e u m e r h a r t i k e u n k a n a p i w o e l a n g p a m a r e n t a h T i o n g k o k

Nanking, 18 Aug. Pamarentah Centraal (Tiongkok), sanggeusna meunang katetepan anoe officieel jen eoja journalist Inggris Gareth Jones maot dina genggeman pendjahat, menta ka oemoemna oerang nagara loear, soepaja katjida anti-antina sadjeroning ngajakeun perdjalanan ka djero nagara Tiongkok teh.

Wai Chiao Pu ngawawarkeun, jen samemehna bral arindit ka Mongolia-Djero, dina boelan Juli n.a.k. Jones djeung Mueller teh koe gegeden Tiongkok di Kalgan koengsi dipiwoelang, dibedjaan jen perdjalananana teh diantjam bahaja. Tapi noe diwoerokan tea teu ngagoegoe, sabalikna kalah ka nembongkeun pamolah noe kieu pihartieunana: „Keun bae da lain pamarentah Tiongkok ieuh dina aja kitoe-kieuna mah anoe bakal katempoehan djeung nang goeng djawab teh . . . . "

### JAPAN.

**Maotna journalist Jones.**

S i l i h t o e d i n g n a p i h a k T i o n g k o k d j e u n g J a p a n.

Tokio, 19 Aug. Tjeuk pihak Tiongkok, katjida pamobalanana bisa meunangkeun deui journalist Jones tina genggeman pendjahat teh, lantaran geus dibarawa kaboer ka djadjahan Jehol. Mangkaning, gegeden Tiongkok teh ka Jehol mah teu meunang asoep-asoep atjan.

Tjeuk pihak Japan sabalikna, tjenah Jones teh diarah patina di djadjahan anoe sakoemna djadi tjetjekelan Tiongkok, didjaga koe perdjoerit djeung politie Tionghoa.

Enja tjenah ari koengsi ngajakeun perhoeboengan tea mah gong sol Japan di Kalgan teh, nja eta sangkan bisa narekahan soepaja bisa noeloengan noe dibarawa kaboer koe pendjahat tea, kalawan pamentana kantja - mitra Jones djeung Mueller.

Maotna Jones teh di Tokio po hara matak sedihna, lantaran di ieu kota rea sobat sobatna noe djadi wadal pendjahat.

### NEDERLAND.

**Prinses Juliana djeung Julianakanaal.**

B a r i s d i b o e k a.

Amsterdam, 19 Aug. Tanggal 16 September Julianakanaal teh bakal dimimitian dipake (diboeka), malah officieelna mah baris koe poetri Juliana koe andieun, bari diloeoeban koe sri Ratoe Wilhelmina.

# Telegram

(Aneta – Sipatahoenan)

### ITALIE.

**Noe djaradi wadal katjilakaan mesin ngapoeng tea**

*Italie nembongkeun panghormatna noe panganggeusan.*

Rome, 20 Aug. (Aneta-Transocean). Minister Razza djeung ka beh pagawe mesin ngapoeng anoe katjilakaan tea, raga badagna teh dikoeboerna kamari, dianggap saperti kapapatenan nagara bae, ka tembong koemaha adirih djeung hormatna Italie ka noe tjinta nagara noe pangheulana maraot djadi wadal expeditie di Afrika-Wetan.

Mussolini, kabeh ministers, ambtenaren loehoer, gegeden-gegeden perdjoerit, diplomaten nagara-nagara loear, pada naroengkoelan di na metekna.

Di sakoeliah nagara dipasang bandera satengah tihang.

**Karoegian koe bahaja bandjir**

*Ditaksir aja 45.000.000 lire.*

Rome, 20 Aug. (Aneta-Transocean). Karoegian anoe dilantarankeun koe bandjir bedahna gili gili di Ovada teh koerang-leuwih aja 45 000.000 lire. Nepi ka ajeuna aja keneh 10 majit anoe kakoeboer. Perhoeboengan kareta api antara Ovada djeung Alessandria powe ieu dioenean deui.

**Staatssecretarissen djeung manoeuvres.**

*Katetepan anjar anoe dipoetoeskeun koe Mussolini.*

Rome, 20 Aug. (Aneta-Transocean). Minister Peperangan (Mussolini) geus netepkeun soepaja kabeh staatssecretarissen para ministers djaradi reserveofficieren dina manoeuvre gede anoe make pakarang. Diaba ti eta teh aja 300 oetoesan djeung lid-lid senaat bakal mariloe.

Ieu manoeuvre teh bakal diajakeunana minggoe hareup, sarta iwal ti poetra-poetra radja, oetoesan parlement mah teu meunang aja deui anoe laladjo.

Kana ieu manoeuvre teh noe baris miloena aja 500.000 oerang, dibagi opat distrik, nja eta: Sanio antara Bari djeung Napels, di djadjahan Alpen wewengkon Bergamo, di Friaul djeung di district Bolzano.

Algemeene leidingna ditjekel koe djendral Baistrochi.

### ABBESSYNIE.

**Abbessynie djeung gagalna conferentietiloe nagara**

*Dibandoengan koe katengtreman.*

Addis-Abeba, 20 Aug. (Aneta-Transocean). Bedja pasai gagalna conferentie tiloe nagara teh, di tarimana koe pihak Ethiopie kalawan ajem djeung tengtrem bae.

Sanadjan Ethiopie ngaharep ka kana bakal bisana tarekah babarengan antara Frankrijk djeung Engeland pikeun njegah bahaja perang, teu boeroeng ari taki-taki mah, saperti ajeuna koe diajakeunana larangan ngaloearkeun perak. Hidji-hidji djelema anoe indit ka nagara loear teu meunang mawa leuwih ti 50 sterling.

Ieu atoeran teh, lain maksoed njadiakeun doeit keur kaperloean peperangan, tapi tjenah keur njegah boedalna kapital ka nagara lian.

### FRANKRIJK

**Nikahna Jose Laval**

*Ajeuna kari di garedja.*

Parijs, 20 Aug. (Aneta-Havas) Tinggal di garedja nikahna Jose Laval ka graaf Renede Chambrun teh, ditoengkoelan koe saba baraha oerang bisschoppen, meh kabeh para ministers, nja kitoe deui ti kalangan diplomatiek.

### SPANJE.

**Lamoen bom bitoe!**

*Extremisten noe koedoe ka tempoehanana.*

vas). Aja bom doea bitoe di djero kota, ngalantarankeun ambroena sabagian sala sahidji adegan, malah teroes der kahoeroean.

Ieu kadjahatan teh tjenah kala koeanana extremisten.

### OOSTENRIJK.

**Donaupact**

*Djadi kasoegemaan di Weenen.*

Weenen, 20 Aug. (Aneta-Havas). Katerangan ka Aloisi (Itali) ka pihak pers internationaal anoe maksoedna njeboetkeun jen Italie katoet Engeland djeung Frankrijk digawe babarengan toer katjida pahiboetna sangkan bisa ngabeungkeut Donaupact keur ngadjaga kamerdikaanana Oostenrijk teh, ditampana koe Weenen kalawan kasoegemaan pisan.

### POLEN

**Miss Agnes Stevenson tilar doenja**

*Maot koe mesin ngapoeng.*

Warschau, 20 Aug. (Aneta-Reuter). Miss Agnes Stevenson, nona (?) Inggris anoe oemoerna geus 52 taoen, baris miloe kana pertandingan tjatoer keur kampioen doenja, waktoe datang tina mesin ngapoeng, geus katjilakaan maot kabanting koletjer mesin ngapoeng anoe ditoempakanana, sedeng ngaliwat ka dinja.

### ENGELAND.

**Kapal „Olympic" baris didjoea**

*Noe dina djaman perang doenja koengsi ngaroeksak kapal silem moesoeh.*

Londen, 20 Aug. (Aneta-Havas). Sanggeus boelan April koengsi ditoehoerkeun dina dok kapal „Olympic" ti Cunard White Stars anoe gedena 46000 ton didjieun taoen 1910 teh bakal didjoeal.

**Inggris djeung Italie Ethiopie**

H a l - h a l a n o e p e n t i n g s a e u k e u r n a - s a e u k e u r n a.

Londen, 20 Aug. (Aneta-Havas). Sadjeroning ngarempoegan soeal pasesna Italie djeung Abbessynie teh, bisi nepi ka derna ieu doea nagara kana pakarang, Inggris nganggap pamohalan Italie bisa ngarobah ngotjorna waloengan Nijl, lantaran keur ieu pamaksoedan teh koedoe sadia doeit anoe pohara lobana. Paran dene kitoe, oerang Italie bakal bisa njieun kanaal anoe teu sabaraha pentingna, sarta koe djalan kitoe, onderneming-onderneming kapas di Soedan djadi kaantjam bahaja.

Saroepa deui hal anoe katjida pentingna toemali kana papasea an Italie - Ethiopie, nja eta bedana bangsa, anoe bakal ngojagkeun sakoemna banoea Afrika, hidji hal anoe oge keur karadjaan Inggris katjida matak bahajana, nja kitoe deui keur tanah - tanah djadjahanana noe sedjen. Koe sabab eta, lebah dieu mah Inggris teh baris moepakat kana paham dominion bae, pangpangna Afrika, nja eta gantjang noetoep Suez-kanaal, sarta sabisa - bisa boeroe boeroe ngadjalankeun poetoesan poetoesan ti Geneve.

Leuwih bingoeng keur pihak Frankrijk, lantaran koe kaajaan kieu teh djadi soesah geusan netepkeun tangtoenganana, dina patokan mimitran djeung Italie.

Koe sabab eta, ieu hal teh bakal nimboelkeun poetoesan di kabinet Inggris, soepaja narik Frankrijk tina hal kamoepakatan, da oepama ieu nagara keukeuh peuteukeuh moetoeskeun tangtoenganana di Afrika-Wetan, hartina moal meunang bantoean ti Italie dina sagala roepa di Europa-Tengah.

# Ti sisi djalan

**Pro djeung Contra**

Lain dina koempoelan atawa babadamian bae ajana pro djeung contra, voor atawa tegen teh, oge dina ricengan matja.

Kabandoengan di . . . . O.L.

O.L. lain katjapangan oerang S.S. „Ooster-Lijnen" tea, oge lain katjapangan goeroe „Openbare-Lageronderwijs" atawa tjeuk ahli elmoe boemi „Ooster-lengte" enz.

Lain, lain eta, tapi „Openbare Leesgezelschap", noe pernahna paeunteung-eunteung djeung patilasan T.H.B. „Soenda" Soenda noe kahieuman bangkong tea.

Peuting, da poegoeh peuting salsena matja.

Ahli sport, ngeunteungna teh kana rubriek Sport (& Spel), ahli dagang kana Koers, resep kana gambar njanghareupan photo's dj.s.t.

Pepek bae gantjanging tjarita mah, lantaran noe tinggaleunieu ngiteunj loket enz oge ngoengkaban „Gevonden voorwerpen", noe tas ti sectie, bebedja kapalingan fiets ngilikan „Politierapport" atawa „Persrapport" tjeuk politie mah.

Ahli politiek, politici . . . . „in miniatuur" (ehm!) ilaharna verzot kana hoofdartikel. Noe kaperego peuting tadi, teu rea sekoer doe aan, nauwelijks bisa diseboet meervoud, tapi tjoekoep keur nga lantarankeun ajana doea roepa paham, mahi keur netepan sahna pro djeung contra. voor djeung tegen tea.

Bedana koelit, noe hidji blank djeung noe hidji deui bruin ngan samata mata louter toeval bae, dus henteu dibawa kana pasalian paham.

„Tekort aan „saamhorigheid" artikel anoe diarilona teh, bareng lantaran sapangabogoh tea. Diantarana eta karangan nembongkeun kahandjakalan, doemeh koe henana tigerat, koe seukeut djeung rampingna „snoeimes der bezuiniging" . . . kaperloean djaga baja atawa bahroeteng Peperangan oge kapaksa miloe kakoepas, di tambahan pisan koe koerangna bantoean ti pihak partikoelir.

Meh paantel awak, malah leungeun badjoena lebah sikoe mah koengsi pagesrek, atawa „oles" tjeuk b s baroedak tea mah anoe doeaan keur haroesoe matja teh, tapi bedana? . . .

Lebah karangan bangoen hin dj kal koe dikoeroedna bahroeteng Oorlog teh si bruin tea mah merengpet, lantaran tjeuk kajakinanana, koerang keneh . . . ngoepasna!

Djero batena „ . . . djeung dipake megatan perang noe tina karoehan, mending noeloengan noe ngalanggoer . . . ." (kawas lid werkloosheid deui bae!)

Tjindekna mah teu soegema bae koe eta karangan teh. Tapi beuki teu soegema, malah asa ditjolok panon molotot, ngade nge gerentes noe gigireunana, noe satamatna marja bari rarat reret kana benja-bedja sedjen bangoen ngarahoch.

Sigana niat sasoranganeun, dus lisanna lelemboetan, tapi awahing koe fana, poho, nepi ka bi wirna kababalan:

„Juist! . . . . Zéér juist! . . . ."

Noe gigireunana ngabalieur, harita keneh leos ka djalan. Meh teu pertjajaeun manehna mah, di hidji nagara aja doea djelema noe sakitoe patoekang-tonggong na teh.

Paingan aja paribasa: „Zoo veel hoofden, zooveel zinnen", geuning d o e a a n oge tjoekoep keur sambara ngaroedjak sentoel mah.

Saroepa anoe bisa ditetepkeun s a r o e a n a antara noe doeaan tea, hamo bisa dibantah, toer wani katempoehan, nja eta ngaranna.

Ngaranna?

Juist, sanadjan tadi di loehoer geus diseboetkeun blank djeung bruin, ngaranna mah s a r o e a . . . . . pada ieu aja dina . . . . boe koe abonne's soerat kabar!

S A.

## Tjari agent dimana - mana tempat.




**BALSEM**
per pot **15 cent**
Jang besar **40** cent

**Poeder bikin itam ramboet.**
per ples **50 cent**.
jang besar **75** cent.

**Hilangkan ramboet**
per ples **50 cent**.
jang besar **75** cent

Rembours tida dikirim, kirim wang lebih doeloe.

**Agent di Palembang:**
S. D.— NARANG SPORTS MAGAZINE
16 Ilir. Telf 45

**Agent di Bandoeng**
WILDON SPORTS STORES
Soeniaradjaweg 4a.

Hoofd Agent Obat tjap Hanoman
MOHAMAD PONMIN
Oude Kerkhofweg No. 44 — Telf. 86

R. O. MARTADIREDJA.
86 Pangeran Soemedangweg 76

M. ABDOELWAHAB Hotel „Java"
Kp Djagal Garoet.

I. HARDJAWINATA Tjiamis

## Sanggoep memakai soerat perdjangdjian.

*Kalau tida bisa baek, wang bisa kembali. Zonder operatie.*

*Sakit Bawasir (Ambei). Penjakit entjok (Rheumatiek). Penjakit medjen (Dysenterie). Perempoean keloear darah kepoetian (Pektay). Sakit perempoean (Radjasinga). Kentjing nanah atawa darah (Gonorie). Sakit panas (Asthma). Batoek basah dan kering. Setengah badan mati. Kentjing manis dan Batoe. Sakit mata segala matjem. Koerang koewat laki-laki (Peloeh). Beri-beri. Perempoean dateng boelan tida tjotjog. perempoean tida bisa boenting. bisa mengobatin sampe boenting.*

*Penjakit Zenuwen dan bisa mengobatin lain-lain penjakit dalem dan loear.*

## Health is better than wealth!

*(KESAHATAN ADA LEBIH BERHARGA DARI PADA HARTA)*

*Menoetoet pendapetan ilmoe obat Thabib. kaloe penjakit itoe soedah tida bisa diobatin dengan lain-lain obat. lain-lain tempat maka bisa baek kerna NATURA-CURE ketoetoepan dari maha Toehan Allah jang dimana-mana ada sedia dalem daon-daon atawa akar-akar atawa lain-alin obat jang mempoenjai chasiat adjaib bisa bikin baek segala penjakit dengan pertoeloengan Allah maha besar. Obat-Obat jang dibikin menoeroet akal menoesia tida bisa melebih ilmoe gaib. tetapi maha Toehan Allah poenja akal tida bisa disalahkan lagi. Lain-lain obat tida bisa beri pertoeloengan mereka jang memakai obat tjampoeran dari matjem-matjem daon-daon, akar-akar jang Toehan Allah soedah sedia lebih dahoeloe sebeloemnja hidoep menoesia boeat toelak penjakit. toeloeng kesehatan badan jang tida salahkan lagi. Segala penjakit sanggoep mengobatin sampai baek. Boleh preksa boleh dateng atawa panggil didalem kota atawa loear kota. Obat-obat soedah sedia. djikaloe minta dengan rembours.*

*Minjak Expres. ja itoe Minjak Tangkoer. terbikin dari minjak boeaja. boeat orang jang plesir koerang koewat (Tooyang). boleh pake saban hari ditanggoeng kerasnja loear biasa.*

*10 Gram f 1.— lain ongkos kirim.*

**Noorde West Indian**
**Tabib Mirza**
Regentweg No. 19— Bandoeng.
*Djam bitjara:*
*8 — 1 pagi dan 4 — 9 sore.*

No. 184.

## BEWARA

Sadajana serat - serat kangge ka HOOFDBESTUUR "PASOENDAN" oelah diadreskeun ka BANDOENG, njoehoenkeun soepados diadreskeun ka BATAVIA - CENTRUM.

Moegi diemoetkeun.

H.B. Pasoendan



**BALSEM TJAP MATJAN**

Tidak boleh tidak mesti ada ditoemah, dalam perdjalanan atau waktoe maen sport.

Kalau ada ketjelakaan jang sama sekali tidak didoega, seperti loeka, kasaleo, pilek, meriang ... sedikit sadja pake Balsem Tjap Matjan, se moea bahaja jang mengantjam dengan lekas teroes di singkirkan. I 206

Boeat:

1001 bahan pakean

100% WOLLEN GABARDINE

100% WOLLEN TRICOT

T.T.G. KING OF WOOL

**Confectie**

**Pakean soeda djadi (tinggal pake)** 57

ka:

GROOT GABARDINE MAGAZIJN

**Firma „TAN TJOEI GIN"**

PASAR BAROE 50 — BANDOENG

AGENT-AGENT „SIPATAHOENAN"

*Publiciteitskantoor „DE GLOBE". N.Z. KOLK 19*
*AMSTERDAM.*

*Secretariaat N.V.V. Amstel 244*
*AMSTERDAM.*

*„Pers-Berichten"*
*2e. Jan v/d Heydenstr. 107B.*
*AMSTERDAM.*

*Secretariaat „Kaoem Moeda Indonesia".*
*Tasmanstraat 56*
*DEN HAAG.*

*Best Perhimpoenan „Indonesia Raya"*
*Sharia Amir Farouk D*
*CAIRO.*

*AHMAD*
*Joo-Chat Road 180*
*SINGAPORE.*

*OEMAR ALI p/d Datoe' di Negri*
*Boenian*
*PAJAKOMBO*

*Plebliciteitskantoor „DE GLOBE."*
*Rijswijk 7b.*
*BATAVIA-CENTRUM.*

*Reclame-Bedrijf „PRECIOSA"*
*Rijswijk 18a.*
*BATAVIA-CENTRUM.*

*Publiciteitsbureau „ARTA"*
*Laan de Bruyn Kops 5*
*BATAVIA-CENTRUM.*

*R. A. KARNA*
*Petodjo G.Entjlek 7 No. 226*
*BATAVIA-CENTRUM.*

*NITISOEMANTRI*
*Spoorlaan*
*SOEKABOEMI.*

*Otong Wira Sendjaja*
*Bantjeuj*
*TJIANDJOER.*

*Roemah Pasoendan*
*Tjabang*
*TJIMAHI.*

*R.H. Wira Atmadja*
*Regol 12*
*GAROET*

*H. A. Masdoeki*
*TASIKMALAJA.*

*Moh. Alkori*
*Pakoeemanweg*
*TJIAMIS.*

*Tjabang*
*TJIREBON*

**Toko „PADANG„**

*Kosambi — Bd.*

AFD. MANUFACTUREN.

*Roepa-roepa kwaliteit dan bermatjem-matjem Kembang, boeat pakean orang Toea dan anak anak ... mode jang paling baroe.*

No. 109.

-: Indian Kruiden Medicijnen :-

## MUSLIM TABIB A. B. YUNANI

| | |
|---|---|
| Oudekerkhofweg No. 56<br>Bantjeuj<br>BANDOENG | Bij Kantoor<br>Pasar Antriweg No 1147<br>TJIMAHI |

*(SPECIALIST AAMBEIEN WASIR) AMPOTENCY PELOEH ZONDER OPERATIE*

*Ditanggel 12 dinten tiasa sae, zonder operatie sareng zonder dibeuleum, sareng deui tiasa ngalandongan sagala roepi panjawat loear sareng dilebet, noe parantos lami atanapi teu atjan lami Sinarengan istri noe teu tiasa bobot, tiasa oge dilandongan soepados tiasa djadi bobot. Kasawat rajah radjasinga compleet f 15.—, kentjing nanah atanapi getih f 10.— ditanggel doegi ka saena.*

*WORLD PARADISE OIL*

*N.B. Sareng njajagikeun saroepi landong, kanggo pameget doepi pangaosna anoe 5 gram f 1.— anoe 10 gram f 1.75. Poeder Himalaja anggoeun para istri, pangaos 5 gram f 1.- anoe 10 gram f1.75*

*Landong-landong tiasa dikintoen Rembours.*

*DJAM BITJARA:*

*Taboeh 8 endjing-endjing t/m 8 wengi.*

*Minjak adjaib kangge 12 roepi panjawat sareng kasawat kolera 3 gram f 1.—*

*Landong kangge ngahideungkeun ramboet noe parantos bodas pangaos f0,75*

No. 216

Aos sing doegi ka toetoegna s. kabar Soenda

**SIPATAHOENAN**



# „SIPATAHOENAN"

## Cosmopolitisme.

Naon hartosna noe di loehoer teh. Doepi hartosna oepami teu lepat: Saha-saha anoe tiasa ngindoeng atanapi ngabapa ka tempat tjitjingna anoe sanes tempatna sorangan, eta noe kitoe disebatna „cosmopoliet" Doeapi hartosna saha-saha anoe bisa mendak pangoepa, djiwa di panoembaraan doegi ka ngarasa jen eta tempat teh asa bali geusanna ngadjadi, eta noe kitoe disebatna njaeta saper tos anoe kasebat di loehoer.

Ieu „eigenschap" atanapi tabeat di oerang dieu mah, di oerang Soenda pangpangna m e h euweuh Nanging henteu di sadajana njaah doelang ka poetra teh, atanapi sok hajang rioeng moengpoeloeng bae. Dina djaman malaise (tigerat) mah tabeat rioeng moengpoeloeng teh kedah dipitjeun. Margi koe tabeat eta teh kama djengan oerang di dieu teu kinten kakagokanana. Mangga bae tinggal, samikeun kamadjengan oerang, sareng kapinteran, kama djengan oerang sanes.

Tina pangeusi ieu tanah djadjahan anoe seueurna l.k. 60m., pa nginten moeng mamalioenan bae noe palinter mah sareng deui teu satengah-tengahna atjan noe tiasa njerat sareng maos sareng langkoeng ti satengahna anoe teu tiasa kitoe-kitoe atjan doegi ka kapaksa kedah make basana sorangan, anoe teu kenging dianggo dina hiroep koemboeh le ga

Doepi lantaranana sanes kabo doan, nanging teu oeninga.

Margi beda pisan antawis ketjap, „bodo" sareng „teu oeni nga.

Eta teu oeninga tea tiasa di oebaran koe diajakeun sakola.

Sanes sjouvenisme bae anoe nga halang-halang kana kamadjengan oerang dieu teh, moeng seueur2 deui.

Ngarioetna onderwijs, malaise (tigerat), sirik pidik dina lingkoe ngan (onderlinge jaloezie) s.s.t.

Tah koelantaran eta oerang Soenda ngaraos perloe ngageuing ka papada kaoela, soemawonna oerang Soenda deui mah.

Sanes pisan njebatkeun sadaja, na oerang dieu karoelem, henteu pisan2, margi seueur boektina, mangga bae tingali rengrengan2 anoe kedah ngabantoe ngwesiran Ned. Ind. Sabaraha poeloeh oe rang dieu noe araja di dinja. Sanes bae pameget, nanging istri oge henteu katilar Mangga tinga li: R.A.Kartini sareng sanes-sanesna deui, doegi ka popohoan hojong ngamadjengkeun istri oe rang deui soepados oelah kakantoen koe pameget. Nanging oepami hojong ngalangkoengan pa megetna rada sesah doeka oepami bade ajeuna mah, margi pa megetna bedas sareng kawasa Sanes pisan bade njanggemkeun pora istri2 teu aja kawasana, teu pisan, istri2 oge seueur kawasana, anoe engkena tiasa dianggo noendjang kana kamadjengan le mah tjai.

Dina waktos tigerat ieu oerang oelah kabeungkeut koe hidji padamelan, bilih poegag, nanging kedah tiasa koeboela-kaba le, saoer sepoeh tea mah kedah ngadji „elmoe landok."

Sanggem oerang Inggris tea mah „In this difficult time more over, you should be an all round man."

Eta teh koe emoetan mah jaktos kitoe. Oepami oerang dieu doegi ka tiasa kitoe, insja allah tigerat teh bakal enggal moesna. Sanes bae „malaise", namoeng anoe teu didaramel oge (werkloozen) tantos bakal enggal teu aja na.

Panginten2 aja noe bakal nja oer kieu;

„Poegoeh bae njarita mah gam pang, tapi prakna hese". Sang gem Pertegesna mah: „Theorie is gamakkelijker dan praktijk".

Eta teh jaktos kitoe.

Nanging oepami oerang dieu parantos tiasa ngadjoegdjoegan doegi ka kahontalna, tjita-tjita tadi tea, sanes bae matak djadi kamamoeran lemah tjai, nanging oerang Eropa oge mariloe atoh, komo oerang Nederland mah, da eta noe ngageugeuh oerang teh. „Malaise" di oerang teh bakal dioebaranana oge koe oerang deui, moal beunang dioebaran koe oerang loear, kitoe oge koe oerang dieu noe oeninga bener kana kaajaanana.

Nanging njaeta atoeh, noe pinter kitoe teh hese dipalarina, aja oge hidji doea sok „bescheiden".

Sanggem djisim koering moeng hidji doea, nanging eta teh teu kinten kirang kenehna, oepami hojong ngamadjengkeun Indie mah komo deui oepamina hojong nga madjengkeun anoe njaritjinganana, anoe sakitoe gegekna.

Pirang-pirang oerang peuntas noe darongkap atawa saroemping ka dieu bade ngadon ngoebaran eta panjawat malaise tea nanging, gaplah bae. Koe emoetan mah tanah djadjahan Walanda teh ke dah dioeroesna koe oerang dieu, dibantoean koe oerang ditoe „De Wetgevende macht moet bij de Inheemschen berusten, de uitvoerende macht bij de Europeanen".

Doepi koe oerang peuntas, pangna oerang boetoeh teh, djalaran meunang kapinteran djeung elmoe lahirna ti dinja, batinna ti „Pangeran".

Dina ieu waktos tigerat mah tabeat rioeng moengpoeloeng, sangoe sahoeap didoeakeun teh kedah ditoker, margi sok ngagokan kana pagawean oemoem

Mangga bae tingali, sababaraha nagara anoe maradjeng koe lantaran resep kana „c o s m o p o l i t i s m e" tea. Geura tingali: Japan, Engeland, Nederland Italie Frankrijk (teu sakoemaha) kapan sakitoe. Nja kitoe deui koe ngadegna Volkenbond, noe diadegkeun koe djasana president Wilson kaamanan doenja teh langkoeng njaean bae.

Ti nagara2 anoe kasebat di loehoer, seueur anoe ninggalkeun bali geusan ngadjadina, aja noe dioengkosan koe pamarentah, aja noe hajang sorangan, rek nareangan pangoepa djiwa di nagara lian. Doepi maksoedna, djabi di kitoe teh, njaeta bade njarongkong nagarana di djaoehna.

Tah oerang dieu oge hojong naroeroetan nanging seueur noe teu tiasaeun.

Tah koemargi eta, moegi oerang dieu, oerang Soenda pang pangna, leres „cosmopoliton" teh margi sanes mangpaat ka Indonesia bae, oge matak njoegemakeun ka Mantjanagara, da kakoesoe soetan teh di mana mana.

TJABU

---

Ti Red. Sip:

Juist sakoemaha anoe geus erkend koe djrg. Tj., — sanadjan praktijk hade, boeahna theorie aloes — praktijk teh henteu salawasna kawas theorie.

Roepa2 hal, kaajaan djeung noe sedjen sedjenna, biasana — oepama henteu mantoean — sok ngalantarankeun teu moeloesna theorie aloes. Nja kitoe deui di na ieu hal, sanggeusna bangsa oerang djarsoeh deuleu — djaraoeh deuleu "deui", da tadina mah kawentar sala sahidji bangsa noe lampar — teh, henteu saeutik hal hal anoe djadi halanganana. Halangan anoe jakin lain ngan timboel tina tabeat "koeroeng batok" atawa paribasa beng koeng ngarioeng, bongkok ngaronjok" bae.

Chauvinisme?

Sagala roepa oge ari "teuing" mah kantenan taja hadena.

---

## Kroniek doenja

### Kakoeatan Djerman sanggeusna ditiken perdjangdjian di Versailles

Ti sabarang diajakeunana perdjangdjian di Versailles sanggeusna perang Doenja 1914—1918 noe ngalantarankeun hengkerna Djerman, nagara2 noe galede di Eropa-koelon silih toedoeh silih toeding, madjar maneh pa tohaga tohaga enggoning ngajakeun pakarang, soepaja bisa ngaroeroegan kanoe kakoewatanana aja disabandapeunana. Ari noe ngalantarankeun kana ieu patjektjokan, taja lian ngan koe advies2 para gegeden kakoewatan nagara soepaja nagarana leuwih dikoewatan djeung dibaan pakarangna, paribasa pikeun ngajakeun kaamanana di djero djeung di loear nagara.

Perkara di Djerman ajeuna, tjeuk Hitler, teu perloe dipikabariwang, lantaran Djerman satoengtoeng aja dina dampal leungeun Hitler, moal perang djeung bakal ichtiar soepaja oelah aja perang. Tapi pokona popohoanana nagara2 noe galede dina nohagaan pakarang nja Djerman keneh, sabab sanggeusna dina perdjangdjian Versailles di tangtoekeun jen Djerman teu meunang leuwih ti 100.000 ngabogaanana soldadoe, djendral Van Seecht ngadjarna ka balad na katjida kerasna malah lamoen perloe mah, soldadoe biasa ti barisanana bisa di djieun opsir atawa onder opsir. Djadi panen djona nagara deungeun mah Djerman teh lain ngabogaan 100 000 soldadoe, tapi 100,000 opsir djeung onder opsir, noe tangtoe bisa marentah malioenan soldadoe

Ieu pangpangna noe djadi sanbab, nagara sedjen teroes-teroesan nohagaan pakarangna, sanadjan Djerman teu meunang ngabogaan mobil wadja mariem2 noe galede kakoeatan djomantara djeung rea deui djaba ti eta tapi teu weleh noe aroenggoel dina perang doenja teh, inggis djeung bisi sieun Djerman kakoeatan tjara baheula bihari deui djaman keizer Wilhelm II njakrawati di ieu nagara.

Djadi katjida pisan gedena djasana djendral Von Seect pikeun Djerman mah nepi ka hidji nagara noe ngan oekoer ngabogaan balatantara 100,000 dipikasieun, dipikaserab koe nagara-nagara noe balatantarana malioenan.

Rijksweer ajeuna katjida paeh posona neangan akal soepaja ka kaewatan leuwih gede soepaja bisa njoemponan kana gedena nagara, nja diajakeun sababaraha batalijon anjar, sarta kalawan idinan Hitler Djerman ajeuna bakal ngabogaan kakoewatan nagara noe balatantarana lobana dina waktoe euweuh perang, 50 000 oerang.

Ieu teh noe ngan woengkoel didjagragkeun hareupeun djelema rea. Atjan kaitoeng barisan nagara noe geus rada kolot nja eta noe koengsi mariloe perang dina perang doenja noe sataoen sakali dikoedoekeun dialadjar deui sarta djoemblahna tangtoe aja ratoesan reboena. Poelisi di Djerman noe lobana koerang leuwih 100.000 dialadjaran teu beda ti soldadoe; tj...tjinjna di tangsi sarta dibagi-bagi dina sababaraha batalion. Djadi saenjana mah koe barisan nagara noe 100.000 djeung soldadoe soldadoe noe koengsi mariloe dina perang doenja sarta poelisi oge, djoemblahna kakoewatan Djerman teh geus leuwih ti 500.000 Djaba ti eta aja deui ajeuna bagian bagian anjar noe satengah militer, nja eta:

1. Barisan S. A. (Sturmabteilungen.
2. Barisan S.S. (Schutzstaffeln)
3. N.S.K.K. (National Socialistische Kraftfahrer Korps)

N.S.K.K. woengkoel ngabogaan balad sabana 350.000, djadi djoemblah djembleh kakoewatan nagara di Djerman dina waktoe ajeuna saroewa djeung nagara nagara noe aroenggoel dina perang doenja, ngan bae ari nagara nagara sedjen mah officieel ngabogaan kakoewatan sakitoe teh ari Djerman mah officieus Ieu bilangan masih tian kaitoeng reserve² noe ngawengkoe sababaraha ratoes reboe balad.

Terela jen Garoeda Djerman noe koe verdrag Versailles geus diteukteukan djangdjangna boentoetna malah ka siihsiihna katjida pisan gantjangna boeloean deui nepi ka dina tempo noe teu sabaraha lilana geus ampir poelih saperti baheula bihari.

Djerman dina waktoe ajeuna anoe moal tea rek njieun poetjoek ti girang karana katjida matak bahlana pikeun oeroesan di djero nagara, tapi sabalikna nagara sedjen oge moal wanieun naradjang ka Djerman lamoen henteu loba noe ngabantoean mah saperti dina perang doenja, karana lamoen entang entangan hidji lawan hidji tatjan tangtoe aja nagara noe bisa ngelehkeun ka Djerman ajeuna sanadjan nagara mana bae oge.

Ari pangpangna sababna noe matak Djerman gantjang pisan bisana nohagaan kakoewatanana nja eta koe sabab oenggal djalma ti boeboedak nepi ka kolot dididik dina kamiliteran. Ti mimiti sakola teroes kana digawena nepi ka „arbeidsdienst" noe toengtoengna kana militie kabeh djelema dididikna dina kamiliteran.

Tapi sanadjan kitoe Djerman ajeuna moal ngaroeroegan ka sala sahidji nagara mana oge ngan lamoen aja noe ngaroeroegan, didinja tempona nembongkeun deui siihna noe diasah dina 15taoen leuwih. (J.B.)

pelet

KASESAHAN TEH TARA GEMBLENG DJAN TEN KAROEGELAN, MOENG SOK AJA OGE OLNTOENGNA.

Ahli tani katjida gampilna hojong sae pepelakanana, kekenginganana njoegemakeun. Margi „NAS" njajagi keun roepi-roepi bibit: Sajoeran, kembang, enz. compleet sapoeratina sareng mistina gemoek nagri, oge sajagi landong kangge noempes hama-hama eta

Djabi ti eta njajagikeun roepi-roepi gemoek, nagri ka loearan ti Duitsch sareng Amerika kangge kentang, pare sareng sabangsana.

Kangge itjaleun deui tiasa badanten ka: 152

«NAS» Groote Postweg West No. 197 Telefoon 707. — Bandoeng.

Grt Postweg (Andir) 280 GIOK HOA Telf. 561 Bandoeng

Ngitjal barang barang:

Beusi, wadja, tembaga, koeningan.
Boeboek sareng minjak tjet, zink ember cement, engsel, sekroep, toelak, kontji-kontji.
Barlen, katel, kasterol, s.dj.t.
Sadajana kaperloean Bengkel beusi-randjang
Kaperloean njieun imah sareng kaperloean kontrak
Harmonica-gaas roepi-roepi oekoeran

Pangaos mirah.

Pada zaman crisis jang heibat ini Toean tentoe soedah INSJAF, dan boekan sadja Toean dapet menoeloeng peroesahaan awak sendiri, tapi Toean mendapet BARANG dan KERDJAAN jang baik dengan harga jang moerah.

Semoea kita poenja pekerdjaan dengan g a r a n t i e

Dreng & Co

BANDOENG.

Kopoweg 16 Tel. 1727.

N.B.

Baroe trima roepa-roepa Racket Tennis dan Badminton dari fabriek-fabriek jang soedah ternama dengan roepa-roepa merk jang paling baroe begitoe djoega segala keperloean Tennis dan Badminton. 161

Mulo Abiturienten

Pilari Vakonderwijs anoe henteu aja overcompleet

„KWEEKSCHOOL PENDIDIKAN ISLAM"

Gr. Lengkong 74

Cursus lamina 2 taoen. Anoe ditampi ti klas 3 Mulo. Bajaran sakola f 5.— Internaat f 10.— perdjagian soegema kalajan ditalingakeun koe goeroe, ongkos doktor vrij.

RATOESAN H.I.S: sareng SCHAKEL anoe nganggo dadasar Islam, anoe perloe kaoeninga koe Goeroe-goeroe noe ahli kana WESTERSCH LAGER ONDERWIJS sareng ISLAMIETISCHE GRONDSLAG!

Oelah ngabaekeun kana ieu kasempetan teh! No.138

Lequidatie Uitverkoop

Mengadakan pendjoealan dengan harga-harga moe rah sekali dan didjalankan sampe semoea barang-barang abis samasekali.

Koendjoengilah kita poenja Lequidatie Uitverkoop itoe!

Toko „Sumatra"

Heeren en Dames Modeartikelen

221 PASAR-BAROE 25 — BANDOENG

## Panganggoeran.

**Ondangan.**

Roepa-roepa anggapan djelema (lezers) teh ka Entjep mah.

Geus karoehan ari anggapan: Entjep lalaki, Entjep awewe, Entjep rimbitan, Entjep lalagasan, Entjep boedak, Entjep kolot, Entjep koemisan, Entjep tjarambang enz. mah.

Djaba ti eta — malah ieu anoe moemoenelna — aja noe: resep, ngewa, idjid, karoenja, deudeuh, bogoh......... — kana toelisananana! —aja noe memeh nana on ngotektak heula Entjep, aja noe sabalikna bae ngantep teu malire Entjep ngahenen di djoeroe djeung...... rea deui.

Noe njarekan?

Mokaha, tampolana mani sok asa rawing rebing Entjep teh, atoeh noe moedji bae nja...... ra radjeunan.

Noe noendoeng?

Seueur, da poegoeh djelema sakadoetna-sakadoetna tea, tapi... ....... anoe ngondang oge aja, toer aja bewijsna.

Lain ngan diondang bridgen bae, doemeh Entjep kampioen poerah ditroef, — bareto sakalikalina, da ajeuna mah teu bedja bedjana atjan Entjep aja noe ngondang teh, meureun keur ditroef tea! — tapi diondang ka mega malang!

Teu pertjanten?

Geura mangga ieu aos:

*ENTJEP*

*hing d j o e r o e .*

*Lamoen Entjep hajang djadi Djoernalis pasagi, koedoe merloekeun loentang-lantoeng ka awang-awang, laladjo noe eukeur sport di djomantara. Moen teu kitoe lapoer moal njaho kana hartina term „sempek", djeblag" enz.*

*Djaba ti kitoe, meungpeung Entjep ngora keneh (toeh, disangka ngora! E.), da ari geus kolot mah sok era koe rigag djeung loba ka kagok. Geura batja verslag langlajangan, tjenah noe laladjo reboean djalma awewe lalaki patengah lobana. Pertjaja Entjep loba awewe resep kana langlajangan?*

*Boleh djadi aja, lain? ngan bae ari lolobana mah kawasna nja tjara Entjep bae dagang goela, geura boektikeun. Maar lamoen Entjep teu bisa balik, lantaran gioeng atawa indit sorangan ari balik loba batoer (noe ngagondeng) oelah njalahkeun ka Mamang, da Mamang mah teu nitah dagang goela, nitah soteh leleson di langit soepaja Entjep djadi pasagi tea.*

*Koemaha bade? diantos di ditoe bae di Bodjongkoentjikoe*

*MAMANG.*

Itoe dia!

Saoer saha sanes dihatoeranan ka awang-awang?

Sport di djomantara?

Moal boa noe naringalina oge para apsari djeung widadari bae meureun, tjopelna nja pantar Ratnasoeminar, atawa Dewi Koeraesin.

Lain negtog Entjep ari kitoe?

Hanas eta dina teu kawenehana na oekoer dibedol Permoni......... nja itoeng-itoeng risico v/t bedrijf bae, sanes?

Entjep teu bisa balik, mang?

Kadjeun teuing, keun da di oewoeng-oewoeng, awang-awang ieuh, soegan enja „lajoeng langit, lajoeng-langit".........-na teh, „lajoeng kingkilaban beurang......"

Djadi mang, geaccepteerd...... sajagi kasoer bae, ngarah hipoe ragragna, maloem, ana salah tintjak nja kana tikosewad.........

*Entjep.*

– I. WEDARINGSIH –
Vroedvrouw (paradji)
Djalan Bapa Soepi No. 44—16B
Kleine Lengkong — Bandoeng.
1644

# Economie

## Combinatie vergadering Cooperatie Bandoeng

### Gara-gara Centraal Cooperatie Bandoeng (C.C.B.) koesoet.

Dina malem Saptoe tg. 16—17 Augustus, geus ngajakeun rioe ngan tempatna di kantoor Raad Kaboepaten. Noe saroemping pohara seueurna, babakoena oetoesan-oetoesan ti kabeh Cooperatie anoe geus meunang rechtspersoon ditambah koe 4—5 cooperatie noe sedjenna. Diantarana aja oge djrg. Demang Patih sareng djrg. Rangga Amongpradja ti Centraal Tjiparaj.

Ieu koempoelan dipingpin koe Kdj. Dalem Hadji, anoe ngaba dja di soempingan koe toean Adviseur sareng Inspecteur dienst cooperatie ti Batawi.

Taboeh 9.10, koempoelan di boeka sabada ngaoeh oenkeun ka noe saroemping. ladjeng nga batoeranan djrg. Margono (Inspecteur), nerangkeun maksadna noe mawi ngajakeun ieu rioe ngan, noe ringkesna kira-kira kieu:

Di Bandoeng parantos doea taoen aja centraal Cooperatie noe disebat C.C.B. noe maksoed na geusan mingpin cooperatie noe geus mareunang rechtspersoon, minangka djadi wawakil noe boga wadjib mingpin nja eta Dienstcooperatie ti Batawi. Tapi nadjan kitoe koe ajana ieu centraal teh teu atjan njoegemakeun, sabab noe geus meunang rechtspersoon aja 18, sedeng noe geus asoep ka centraal mah ngan 13, djadi sasesana mah masih tetep dioeroes koe dienstcooperatie ti Batawi. Koelantaran eta boe ahna kakara saeutik toeroeg-toeroeg kadjadian aja pasalia paham diantara bestuur djeung Administrateur. Noeroetkeun kaajaan bestuur centraal teh peda boga pagawean kawadjiban misah-misah. Pagawean sapopowe babakoena pagawean centraal dipigawena koe Administrateur noe digawena koedoe sataker tanaga.

Pikeun ongkos-ongkosna dina saheulaanan dipaparin soepsidi ti Pamarentah, tapi ari engkena mah pikeun sateroesna oge koedoe boga kakoatan sorangan bae, oelah tergantoeng tina soepsidi, noe ahirna saperti kadjadian ongkos-ongkos noe dipake koe bank desa djeung loemboeng.

Bestuur C.C.B. djeung Administrateurna ajeuna teu bisa digawe babarengan, sedeng ieu kadjadian teh geus lila dioeroeskeun koe Adviseur tapi teu aja hasilna, nepi ka antoekna eta Administrateur teh geus dieureunkeun koe Bestuur toer Adviseur teu dibere njaho heula (badami) Adviseur wadjib tjampoer kana ieu oetoesan, lantaran ... waina oge Adviseur teh dibawa heula badami, malah ka noe djadi Administrateur teh mere op'eiding heula koemaha prakna digawe, kitoe sababna noe matak dina ngeureunkeunana oge koedoe menta timbangan. Djadi ngajakeun ieu rioengan teh bade njoehoenkeun timbangan koemaha saena sangkan ieu centraal djadi tjangkoeng sampoerna.

Soparantos djrg Margono asoeran, ladjeng ... koe toean Adviseur noe maksadna sadjabina ... ka sadaja ... sareng Kdjg. Boepati teh, etang etang oepangkeun reh ... na enggal keneh ... ieu kapangkatan. En ... spr. Cooperatie teh hidji pakoempoelan anoe penting pisan ka ... asal sae ngadjalankeunana. Nanging nan djakal pisan ajeuna bet kapendak kadjadian kieu, nadjan kitoe parantos dilereskeun, nanging teu perloe diterangkeun hidji-hidjina kasalahanana mah, ... eng bae koe timbangan teu aja deui djalanna lian ti koedoe ngadegkeun deui centraal noe anjar toer bestuurna anoe ... ngahidjikeun sakabeh cooperatie noe parantos aja.

Sabadana ladjeng Voorzitter maparin kalonggaran ka soegri anoe bade sasaoeran

1. Djrg K. Natawidjaja oetoesan ti Bank P.G.B

Spr. toemaros naon margina noe mawi ngalereskeun kaajaan centraal toer karimbang sakitoe pentingna, bet teu dilereskeun di roemah tanggana sareng elid-elidna, sedeng ajeuna mah sadja bina noe parantos kabeungkeut kana ieu centraal, bet aja cooperatie noe teu atjan kenging rechtspersoon2 atjan.

Kana maksad ngomean ieu centraal katjida rempagna, moeng koemargi centraal parantos gadoeh statuten toer parantos kenging rechtspersoon, panoehoen oelah ngadegkeun deui centraal anjar, noe parantos aja bae dangdosan doegi ka tjekapna

Ka ieu oetoesan harita keneh koe Adviseur diwaler, noe mak sadna noe mawi kempelan ngondangan noe teu atjan kenging rechtpersoon teh, soepados ieu centraal tiasa dibere... sareng dibarep noe tea atjau lebet enggal lebet. Perkawis ngadegkeun centraal anjar teu gadoeh emoetan, asal bae sadajana cooperatie kersa ngarioeng saoejoenan dina beungkeutan, oelah doegi ka pakia kia.

2. Oetoesan Batoenoenggal, moepakat ngajakeun centraal noe anjar toer ageung, kitoe deui bestuurna oge noe alanjar. Njanggakeun voorstel soepados ngabenoem commissaris njandak hidji-hidji ti oenggal-oenggal cooperatie.

3. Oetoesan Setia Oesaha. Sapalih parantos katjarioskeun koe oetoesan P.G.B., menggah kaajaan cooperatie noe aja di desa mah teu tiasa disamikeun sareng noe dikota, roepi-roepi oelah lepot tina pingpinan. Saparantos aja centraal teu weleh ngantos ka noe wadjib didamel ti centraal soepados kersa soemping propaganda. dina ajana noe noenggak kersa ngalereskeun. Nanging parantos sakitoe lamina bet noe kapapantjenan ti centraal teu kersa ngelol-ngelol, noe mawi ari padamel noe kirang getol mah oelah sina ngiring tjalik di centraal.

4. Oetoesan P.E.K. Noemoetkeun pangalaman P.E.K. lebet ka C.C.B., centraal teh digawena teu samistina, malah ajana pato djaijah antara Voorzitter sareng Administrateur oge sanes perkawis oemoem., nanging perkawis persoonlijk.

Koemargi eta teu aja deui akal na lian ti kedah ngadegkeun centraal anjar bae. bestuurna gentos. komo oepami dibanding sareng centraal Soerabaja, di ditoe mah sadajana oge bangsa noe palinter bae, djadi di oerang oge kedah njandak voorzitter noe ternama, seueur pangaroehna ka rajat, kagoengan algemeene ontwikkeling anoe loeas.

Commissaris rempag njandak ti oenggal cooperatie saoerang-saoerang, oelah tjara ajeuna. ma ... ti hidji cooperatie oge aja noe tiloe

5. Tirta Kentjana Toenggal ngaraos leutik hate ningal kaajaan C.C.B. da andjeunna oge sasat ngiring djadi oprichterna. Spr. teu moepakat oepami noe djadi centraal ngajakeunana propaganda teh woengkoel nga ... koe ngajakeun indjeuman djeung ngidjeumkeun doeit.

6. Oetoesan P.S.O Tagogapoe moepakat kana pedaranana oetoesan P.G.B.

7. Oetoesan ti H-mat, toemaros heula kenging henteuna njarios doemeh hidji cooperatie noe teu atjan kenging rechtspersoon. Saparantosna diwidian, spr, meder sanadjan teu atjan lebet rechtspersoon ... tadi bade njoehoenkeun rechtpersoon, malah engke ... ladjeng bade njoehoenkeun lebet ka centraal, nanging ... kadjadian ajeuna mah bet matak leutik hate, koemargi ... rempag oepami ngadegkeun centraal anjar bae.

8. Oetoesan roekoen Ihtiar Handjakal reh noemoetkeun ondangan mah ieu kempelan teh bade ngarempag cooperatie, nanging boektina bet perkawis centraal, anoe samasakali teu kaemoet ti awalna, koemargi eta teu kinten ngaraos handjakalna.

Saparantos seep noe sasaoeran adjeng toean Adviseur ngawaler sadaja sprekers, moeng henteu hidji-hidji, dikoemkeun bae, noe maksadna, noe ajana cooperatie di desa benten sareng di kota, teu matak poegag kana pimpinan da di Soerabaja oge parantos kapanggih koe spr ari beres djalanna mah goejoeb roekoen bae, asal sadajana sareundeuk saigel, noe loehoer sareng noe handap kedah sami sili pertjanten. Ajeuna di Bandoeng aja kakoesoetan sangkan djadi beres teu aja deui akalna kedah ngajakeun pilihan Voorzitterna noe neutraal tina ieu perkara.

Ti dinja djrg. Voorzitter maparin deui kalonggaran ka sprekers noe tadi bilih bade sasaoeran ka doea kalina.

Oetoesan P.G.B. tetep ngaraos handjakal ngalereskeun kakcerca tan centraal, roesoeh diboeka di loear pager, sedeng sadaja cooperatie noe lebet ka ieu centraal teu atjan dibawa badami, ditjoektjroek noe langkoeng paos, kaemoet ieu perkawis teh rasiah.

Kana maksad t.Adviseur bade ngadangdosan katjida rempagna, oelah soteh ngoebrakeun noe geus aja, ngadegkeun noe anjar, margi noe parantos aja teh parantos dipaparin rechtspersoon koe noe wadjib (Pamarentah);djadi oepami oerang ngagampangkeun maehan centraal noe parantos aja, sami bae ngahinakeun ka Pamarentah noe parantos maparin eta rechtspersoon.

Katjida teu senangna, njoepingkeun oetoesan P.E.K. noe sakitoe loeasna ngabanding-banding bestuur centraal Bandoeng sareng Soerabaja, itoe pinter ieu bodo, kitoe peta teh saroea djeung ngahina keun noe geus aja, padahal ajana rengrengan bestuur teh sanes benoeman, nanging pilihan ledenna ieu centraal. hartosna noe kapertjanten koe noe boga hak milih.

Perkawis kasalempang cooperatie sanes ternadap ka centraal (Tirta Kentjana), eta mah boro2 noe parantos lebet, nadjan noe tatjan lebet oge moal djadi kaawonan oepami ngiring ngalereskeun (ngintoen serat) ka centraal, soepados djalanna centraal djadi lempeng.

P.E.K. doemeh ngaraos diaanval, perloe mere deui katerangan, ngabanding banding bestuur Bandoeng djeung Soerabaja teh sanes ngahinakeun ka Bestuur Bandoeng, nanging soepados aja kaberesan; ieu vergadering medar rasiah centraal sanes perkawis rasiah, da oerang loear oge parantos pada oeninga.

Setia Oesaha nerangkeun asalna cooperatie teh di Priangan mah koe djasana kangdjeng Dalem Hadji, samoelihna ti Eropa, ladjeng eta toedjoean teh didientrekeun deui ka kampoeng2, doegi ka di katjamatan Bodjongloa mah, sadajana aja 9 desa, sadajana gadoeh cooperatie, ieu moal kenging diakoe koe batoer memang djasana djrg. Sastraatmadja, ti cooperatiena doegi ka ngadegna centraal.

Ti dinja toean Adviseur sasaoeran deui anoe maksadna mah ngiatkeun kana panoehoen P.G.B. soepados ngajakeun deui pilihan sangkan cooperatie desa ngahidji sareng kota, teu aja kaaboan bestuurna ditambah, oepami na Vice Voorzitter milih anoe bisa roemaket ka desa-desa. Voorzitterna noe bisa ngarapihkeun desa sareng kota

Sabadana ditema koe djrg. Moh Ibrahim, noe maksadna mah sapalih parantos kasaoerkeun koe noe parantos moeng woewoehna medar dadangoean ti sisi ti gigir, sakitoe netepkeunana kana ngadegkeun centraal anjar, malah geus ditangtoekeun doeit soepsidina oge rek dipindahkeun, ti noe geus aja (heubeul.)

Padahal ngadegkeun centraal anjar teh sami bae sareng ngalejek kakawasaan rechtspersoon, deui nadjan dipimpin koe bangsa djempolan oge tjan poegoeh pinereseun.

Waktoe ieu spr njarios koe ... disaton koe voorzitter, doemeh rada mimawa ngalepatkeun ka wakilna Pamarentah.

Ti dinja sanggeus t. Adviseur maparin deui katerangan noe teu mali sareng kasaoeran spr noe tadi, ladjeng djrg voorzitter nganoehoenkeun ka soegri noe maparin timbangan, saoepami dibantoen concloesina mah, rempag kana kahojong t. Adviseur noe di rempagan koe oetoesan P.G.B. sae oerang kempelan deui milih pibistireun centraal tempatna oge oerang di dieu deui bae. waktosna ping 15 September malah oepami teu aja noe kersa djadi voorzitter, mantenna sanggem djadi voorzitter, dina leresan milih bestuur, spr. teu aja kaabotan oepami koe noe hak milih bestuur heubeul dipilih deui, kanggo ... roengsoem kaoetamian bestuur anjar tea.

Taboeh 11 langkoeng kempelan ditoetoep kalawan kagoembiraan.

Verslaggever.

Telef: Adm. 1520

# Radio

## PROGRAMMA N.I.R.O.M.

### ZENDER BANDOENG

II—Golflengte 184 m

Programma powe KEMIS tanggal 22 Aug. 1935.

| | |
|---|---|
| 6.00 — 6.50 | Njebarkeun lagoe-lagoe gamelan Djawa. |
| 6.50 — 7,00 | Nirom - nieuwsberichten. |
| 7,00 — 8.00 | Njebarkeun lagoe-lagoe Krontjong. |
| 8,00 — 9,00 | Ngadji Koer'an koe Raden Hadji Hoesein di toeloejkeun koe Kasidah, pingpinan Raden E-moeng Poerawinata |
| 9.00 | Toetoep. |

Zender Batawi II — Golflengte: 190 m.

Programma powe KEMIS tanggal 22 Aug. 1935

| | |
|---|---|
| 5.00 — 5.30 | Njebarkeun lagoe-lagoe gambang Kromong. |

Golflengtea: Archipelzender 99. Batawi II 190, Bogor 182. Tjirebon 105, Pekalongan 92, Soekaboemi 193 m.

| | |
|---|---|
| 5.30 — 6.00 | Njebarkeun lagoe-lagoe Malajoe |

Golflengte: Batawi II 190 m.

| | |
|---|---|
| 6,00 — 6.30 | Njebarkeun lagoe-lagoe Tionghoa. |
| 6.30 — 7,00 | Njebarkeun lagoe-lagoe Ambon. |
| 7,00 — 7.20 | Nirom - nieuwsberichten. |
| 7.20 — 7.30 | Intermezzo koe lagoe-lagoe Malajoe. |
| 7,30 — 8 30 | Ngadji Koer'an sarta teroes didadarkeun koe mej. Noer djannah. |
| 8 30 — 9.00 | Njebarkeun lagoe-lagoe Arab. |
| 9.00 —10.00 | Njebarkeun lagoe-lagoe Krontjong. |
| 10.00 | Toetoep. |

### ARCHIPEL DJEUNG PASOENDAN

Golflengten: Archipelzender 50. (ti pk 6.30—7.15 isoek-isoek dina 99 m). Batawi I 126. Bandoeng I 120. Bogor 182, Tjirebon 105, Pekalongan 92. Soekaboemi 193m.

Programma powe KEMIS tanggal 22 Aug. 1935

| | |
|---|---|
| 6.30— 6,45 | (isoek-isoek) Gymnastiekkwartiertje. |
| 6.45 — 7.00 | Gramophoonmuziek. |
| 7.00 | Tanda waktoe |
| 7.15 | ... |
| 11,00—11.05 | Boeboeka |
| 11.05—11.25 | Gymnastiek keur para istri. |
| 11.25 11.40 | De pianist Frederic Lamond njebarkeun lalagoeanana. |
| 11.40—12.00 | Morgenwijding. |
| 12.00—12.30 | Tanda waktoe. Populair programma. |
| 12 30— 1.20 | Concert koe Carel van der Bijl-Trio |
| 1,20— 1.30 | Nirom - nieuwsberichten. |
| 1.30— 2.00 | Populair lunchconcert koe Nirom-Orkest |
| 2.00 | Toetoep |

Golflengten: Archipelzender 99. Batavia I 126, Bandoeng I 120, Bogor 182, Tjirebon 105, Pekalongan 92, Soekaboemi 193 m.

| | |
|---|---|
| 6 00 | Tanda waktoe. |
| 6,00 — 6 15 | Gramophoonmuziek |
| 6.15— 6 45 | Op verkenning. |
| 6 45 — 7.00 | Gramophoonmuziek |
| 7.00— 7 20 | Nirom - nieuwsberichten. |
| 7,20— 8.00 | De opera in verkorten vorm. |
| 8 00— 8.30 | Elck wat wils. |
| 8,30— 8,55 | Alg. Buitenl week overzicht. |
| 8.55— 9 10 | Schrammelmuziek Nirom - Schrammel-Quartet. |
| 9.10— 9,25 | Nicon Schevchuk njebarkeun lalagoeanana. |
| 9,25— 9,30 | Gramophoonmuziek |
| 9.30—10.00 | Concert koe Nirom Orkest |
| 10,00—10.30 | Voor jazz-liefhebbers. Dansmuziek koe „Six Swingers" |
| 10,30 | Toetoep. |

DRUKKERIJ
TJAHJAPASOENDAN
Pekiringan 88 - Pasarbalong
CHERIBON

Kirang tanaga?
Oelah njiksa salira koe andjeun dila-mi-lami.



Leueut salamina
Hiu Ngi Fen's
ANGGOER TJAP BOELAN

Hasiatna Anggoer ... kaleba ... celeer:
Nambihan kana getih
Ngiatkeun kana salira.
Ngitjalkeun kana ... tan teu poegeh
Raos kana toeang sareng koelem.
Karaos dina toelang-toelang.

Nambihan kana tjai pinareup
Tetep dina waktosna ...
Nambihan kakiatan dina saparantosna babar
Ngiatkeun kana ...

Tjobian dinten ieu kereb ... „Anggoer Landong Tjap Boelan"

Di Bandoeng tiasa kenging di:
Tiong Hoa Hokien Yok Pang, ... Ho Hin, Eng Seng Ho, Han Choon Tong, Tji ... Tong, Ban Ka Tjoen, ... Hin

Hoofd depot
HIU NGI FEN'S TRADING COMPANY
Kesawan No. 50 - MEDAN Post Box 14
No. rg. 900

OELAH BOENTOE PANGHAREPAN!

Oepami para ... kaswat anoe teu atjan tiasa damang pisan, ... parantos kamana-mana, namoeng ... teras bae ngaganggoe, mogi ... enggal soemping ka ADRES anoe kasebat di handap ieu anoe parantos masboer sareng ngangge ... ka saena pisan.

Kanggo ... Wasir ..., Mengi, Batoek, Njeri ..., Mejen, ... panaan, Kas ... sareng sahwat (Peloeh) sareng kasaw ... ROY ...

Sadajana ... saena pisan kalajan ZONDER OPERATIE.

Pangaos landong-landong direken mirah sareng pantes.

Oge tiasa moendoet landong-landong koe djalan REMBOURS.

15 Kairing koe Kahormatan
CH. HARDIN TABIB
Soeniaradjaweg No 8A Telf 1664 — Bandoeng

DOKTER
H. Heerdjan
NARIPAN No. 35
Saban dinten sampi noe bade ... landong
Endjing ti taboeh 7 doegi ka taboeh 9. sareng
Siang ... 4 ... 6.



Naon margina bet hojong nganggo mesin ngapoet listrik merk **„PERKOETOET".**

Margina eta, saparantos aja mesin eta di boemi, kasesah teh itjal

Sadajana padamelan kapoet tiasa dipidamel koe eta mesin listrik.

Pangaosna MIRAH sareng atoeran majarna gampil pisan

Compleet nganggo motor sareng lampoe moeng f 135.--

Importeur H. HOOGE Logeweg No. 7 - Telefoon 1912 - Bandoeng.


## Kaboejoetan.

*Kenging*

*A. GANDA PRAWIRA.*

Di tanah oerang mah Pasoendan, oepama aja noe njebatkeun kaboejoetan teh geus teu heran teu aneh deui, da geus ilahar, malah noe kararitoe teh ka tebeh pakidoelan mah djadi kapertjajaan anoe pohara pisan, nepi ka lamoen eta kaboejoetan disada dianggap hidji kila-kila alamat anoe tangtoe, noe teu beunang di robah deui, tjenah.

Ajeuna oerang njaritakeun kaboejoetan di Pameungpeuk. Geura ana eta kaboejoetan disada gegelegeran — sada-sada goegoer samar — kolot-kolot noe ahli kana kitoe teh, noe pertjajaan kana tahajoel, geus rantjoeng bae masang tjeuli njidikkeun lebah-lebahna, naha kaboejoetan mana, reh oenggal-oenggal kaboejoetan alamatna teu saroea.

Meureun noe maraos palai oeninga naon noe diseboet kaboejoetan teh, djiga koemaha roepana, naon alamatna ana disada Mangga oerang terangkeun; kieu geura ari noe djadi kapertjantenan di Pameungpeuk mah:

I Kaboejoetan Karang Parandje, boektina hidji karang roepana memper-memper siga parandje hajam kakeueum koe laoet sapalih, malah tjek bedja mah eta teh enja oeroet parandje djaman Santjang madeg karadjaan; ajeuna na di dinja patempatan djoerig doeroewiksa, tjeuk sakaol eta karang teh paragi moedja moedja noe rek njendekeun (ngadjoeroengan djoerig dedemit di dinja ngageringkeun noe dipikageuleuh koe manehanana). Baidil: Tah oepama eta kaboejoetan di sada gegelegeran alamat datang sasalad panjakit moeriang noe lain dikieuna.

II Karang modang, kinten 4 pal koeloneun Karang Parandje ajana di toendjangeun moeara Tjipeleboeh, ieu mah teu tembong naon-naon, bedjana ajana di djero, kakeueum koe laoet, rada beh tengah. Lamoen eta kaboejoetan gegelegeran alaman loba loeek, ari tjek sawareh alamat datang panjakit geu is (koeris).

III Karang boiang, koeloneun Karang modang, lamoen boengkak (mindeng disada) kila-kila kana liar maoeng; tah di dieu sok pala ingon ingon diharakanan keroed teh

IIII Tjilaoet-eureun, ieu mah beh tempatna beh padjaratanana, malah aja noe njeboetkeun karamat, koeboeran Wali, djeung kaboektian sok diparoendjoeng poendjoeng, biasana noe maroedja ka dinja dina Senen Kemis. Lamoen geleger Tjilaoet eureun, di, sada, alamat kasoesah menak, hartina baris aja menak gede nandang katoenggaraan, boh koemaha tea bae teu koe hanteu. Ana disada Tjilaoet eureun mah sok patembalan djeung Goenoeng Nagara nja eta hidji karamat noe ajadi poentjak eta goenoeng patilasan Praboe Kian Santang.

Di mana eta salah sahidji kaboejoetan disada madjar teh „mere manginget" soepaja seuweu poetoe aroeninga. Kasjeunakeun eta kaboejoetan-kaboejoetan teh arang merena manginget disada gegelegeran, margina doeka koemaha.

Oepami eta kaboejoetan tea keur disada ladjeng koe oerang disampeurkeun ka lebahna sing tjaket, tangtos moal kadangoe, sabab ari disada noe kitoe mah kadangoena sok ti kadjaoehan. Kolot-kolot nangtoskeun kaboejoetan mana-manana noe disada teh moeng oekoer koe kinten-kinten dilelebah bae.

Tjing mangga oerang ameng ka Bodjong bawahan district Boengboelang, soesoeganan mendak noe aneh.

Leuh jaktos geuning, di desa eta mah noe disebat kaboejoetan teh beh boektina poegoeh deu leueunana, ditjabak oge kenging.

Naon?

„Goöng kaboejoetan."

Sajaktosna noe dingaranan goong kaboejoetan teh lain ngan tjed goöng hidji bae nanging gamelan sabangoenan goöngna doea, noe hidji goong teh njoeroep sorana kana eta gamelan, ari noe hidji deui teu ka ditoe teu ka dieu, ieu mah misah bae ari pangna kitoe aja sasakalana; kieu ari tjek koentjenna mah tjenah.

„Baheula di Tjirebon aja hidji istri menak, dina h i d j i i s o e k a n g k a t ka djamban noe pernahna rada tebih ti boemina disarengan koe poetrana istri noe djenengan Nji Mas Badaja. Dina samoelihna ti tjai eta moerangkalih ngagerejeng bae ka iboena ngadjak njandak gamelan, magarkeun teh tjikeneh ningali gamelan di sisi djalan; tapi koe iboe na teu digoegoe maroekana na bohong kawantoe moerangkalih ketjemploeng-ketjemploeng keneh

Barang soemping ka boemi tajohna ieu si moerangkalih mangen bae emoeteun kana pependakanana, ladjeng moelih deui, barang soemping kana tempatna noe katingali tadi, jaktos gamelan teh masih aja keneh ngadjag rag di dinja teu atj n aja noe ngaheureuj². Emoetanana eta gamelan sadajana rek ditjandak, ngan .... atoeh da sabedasna oge moerangkalih, anoe katjandak koe andjeunna ngan goongna, kitoe oge njandakna teh diakeup. Sasoempingna ka boemina sepoehna hookeun ningali poetra njandak noe kitoe, ladjeng dipariksa enggalna Nji Mas Badaja nerangkeun satjeplekna, atoeh harita keneh enggal sadajana moeroe rek njandak gamelan tea, nanging handjakal, handeueul lain meumeueusan, moenggah manahna iboe ramana Nji Mas Badaja mentegeg, rehing gamelan tea ka sampak teh geus teu aja, doe ka saha noe njokotna. Harita teh dintenna Senen.

Toenda noe noedjoe handjeloe aja bagdja teu daoelat, katjatoer dina endjing-endjing dinten Kemis Raden Pamita ditjandak ka tjai rek tjebor koe sepoehna, di satengahing djalan nalika rek moelih andjeunna (Raden Pamita) oendjoekan ka sepoehna bari toetoendjoek saoerna: „Toeh tingali naon itoeh, mangga enggal oerang tjandak, resep keur tjotjooan abdi."

Barang ditingali koe sepoehna simana horeng gamelan, atoeh bingah lain dikieuna harita keneh ladjeng ditjandak, diakoetan kaboemina.

Sasoempingna ka boemina ladjeng ditarakolan koe baroedak 8, noe teras djadi panajaganana.

Katjatoer lawas ti lawas, keuna koe paribasa milik teu beunang dipoengkit bagdja teu meunang soemingkah, nepi ka titis toelis dihin pinasti netepan seserat n ti Paageran eta Nji Mas Badaja rangkep ngadjodo ka Raden Pamita djoedjoeloek Sembah Dalem Pamita dina geus sepoehna.

Goöng Nji Mas Badaja tea koe lantaran noe kagoeaganana geus rangkep nja ditjandak dihidjikeun ka kagoengan tjarogena tah kitoe tjenah sasakalana panggoong noe hidji teu njoeroep teh goong tjandak istrina.

Aeh meh bae kaliwat, eta baroedak noe 8 tea nepi ka gede nepi ka disoenatanana, waktos njoenatan eta baroedak, panajaganana aja 40 Nja nepi ka kiwari satoeroenan eta panajagan noe 40 tea lamoen rek njoenatan anak intjoena koedoe bae merloekeun make eta gamelan kaboejoetan.

lamoen henteu, sok aja tjangtjalana tjenah. Ieu kapertjajaan nepi ka ajeuna teroes dikoekoehan, sanadjan no lalakon 2-30 pal oge lamoen toeroenan eta mah koedoe bae make gamelan eta, toer dibawana teu gampang, teu beunang disaroeakeun djeung gamelan sedjen beunang ditanggoeng ieu mah koedoe diakeup, da baheula a waktoe dibawa tina tempat kapanggihna tes diakeup

Naon sababna eta Goong kaboejoetan teh ngan aja di Bodjong kapan anoe oerang Tjirebon toer Tjirebon teh sakitoe djaoehna?

Oh, kieu dawoehanana ti Tjirebon ka dinja koe Sembah Dalem Sireupeun, anoe ajeuna padjaratanana di Tjiboeninagara teu sabaraha djaoehna ti Bodjong, tajohna eta Sembah Dalem Sireupeun teh toeroenan Dalem Pamita tea.

Waktoe eta gamelan ditjepeng koe Sembah Dalem Sireupeun noe djadi panajaganana Sembah Dalem Soetadipa noe dipendemna di Tjibolang, koelon kaler ti desa Bodjong pernahna.

Eta kaboejoetan nepi ka ajeuna oge osok keneh ditabeuh dina malem Senen Kemis mitoehoe kana kala waktoe kapanggihna, ari tandakna bakoe lagoe Balagandjoer.

Tjeuk kapertjajaan oerang di nja lamoen seg pinareng manggih karerepet koe noe njoegoeh bari eta kaboejoetan ditabeuh tanwande dikaboel sakoemaha noe dimaksoed. Noe djadi koentjenna sarta panajaganana oge teu meunang sagawajah djalma, nja koe doe toeroenan eta tea bae

Sadjabana tina gamelan, noe ngarendon kana eta kaboejoetan 1 bokor koeningan sareng 1 pendok. Eta pendok estoe dianggap djimat poepoenden malah sok radjeun dipake toembal nambaan noe gering koe tjai, anoe diantjloman koe eta pendok.

Eta kaboejoetan teu meunang pisan dilalaworakeun, lamoen aja noe wani-wani ngagadabah tinangtoe kasibat; koentjenna pribados geus njarios ka djisim koering sanggemna: „Baheula djaman karoehoen ieu kaboejoetan dibantoen ka Pasir Pandjang, ditamboet koe Kangdjeng Dalem di dinja. Dongkap ka ditoe goong noe hidji noeteu n oeroep tea kapajana Kangdjeng Pasir-pandjang bade disoeroepkeuna kana gamelan sanes, barang rek dipindahkeun goong teh adjaib geus ngies teu aja, ilang tanpa karana, dihantem dioelik weleh tea kapendak, ari koe sangkaan geus tangtos eta goong teh mingpat ditjandak koe noe kapoengan, barang disoesoel ka Bodjong kasampak teh jaktos bae geus aja, toer lalakon noe sakitoe tebihna."

Tah sakieu anoe kapendak koe djisim koering perkawis kapertjantenan oerang. Sisi kana hal kaboejoetan. (P.S.)


## Toko WIKARTA

*Gr. Postweg Oost 142 Bandoeng*

*Selamanja mendjoeal:*

*Segala kaperloean Electisch seperti: Electr. Lampen, kockplaten Strijkyzer, Snoer, Fittings, Tafellampen, Roepa-roepa prabot Radio enz. enz. Harga-harga selaloe bersaingan.*

*Haraplah toean saksikan*



# Wedalan Indonesia

Naon tea, naha teu atjan oeninga ???

O, eta DASI soetra anoe dibatik, dasi pandjang en strik dasna, anoe parantos dipintonkeun, sareng ditjal di Jaarbeurs, kawoewoeh parantos kenging POEDJIAN, toer pangaos noemoetkeun zaman, moeng f 0,75 sareng f 0,50 strik dasna.

Sadjabina Ketoe-oedeng anoe teu kedah dipedar kasaeanana, margi parantos kenging diploma, ongkos ngongkon moeng f 1.— sareng f 0,75 tiasa sadinten klaar.

Kanggo kasehatan sareng kasaean koelit disajagikeun Bedak Djamoe „SARI POHATJI"

Mangga boektoskeun, djoeragan soemping ditampi ka lajan kabingahan, teu dikedahkeun baranggaleuh

## E.M. Moechtar

**Ketoe - oedeng makerij**

NOORDERPASARSTRAAT 11 — BANDOENG

Pesenan loear Bandoeng dikintoen rembours.

Loear JAVA kedah ngintoen artos ½ na pesenan.



## WASIR

ASTHMA — AAMBEIEN

Kesehatan badan lebih berharga dari harta benda kita Djangan poetoes pengharepan. TABIB JACOB toch bisa toeloeng

Pemberian tahoe:

Jang bertanda dibawah ini Tabib Jacob asal dari Hindoestan, tinggal di A.B.C. straat 12A Bandoeng dengan ini menerangken bahwa ia bisa semboehkan segala roepa penjakit dengan tida dipotong (operatie) seperti: Ambeien, Loempoeh, Bol Asthma, intjok Penjakit gindjel penjakit goela, Batoek, Radjasinga, Tuberculose t.b.c. Eczeem, (penjakit koreng, gatel en penjakit koelit segala roepa, prampoean jang tida membawa kotor atawa tida tjotjok atawa ada sakit atawa Poetihan Sakit prampoean kentjing nanah. Penjakit mata Lepra, Dysenterie dan semoea penjakit lainnia. Bisa didapet roepa-roepa chat koeat boeat orang lelaki Bisa semboehken segala roepa penjakit dari saja poenja obat jang terbikin dari akar-akar, daon-daon dan boeah-boeah sebab saja soedah bertahoen²nan ada practyk dan saja dapet banjak soerat poedjian dari segala bangsa siapa soeka boleh dateng boeat saksiken sendiri, dan siapa soeka boleh panggil didalem atawa loear kota dan sanggoep menbirim Bestelgoed Rembours.

Memoedjiken dengen hormat, **TABIB JACOB**

A. B. C. straat 12A — Bandoeng — Telf. 1091

TUBERCULOSE T. B. C.



*Aos sing doegi ka toetoegna s. kabar Soenda*

**SIPATAHOENAN**


# LOGODJO

**(Bagian kadoea.)**

**118)**

Koe:

*Sjarif-Amin.*

Tina: *„Uit de gedenkschriften der beulen van Parijs".*
*(1685—1845)*

— — — — — — — —

### GUILLOTINE

Ka Guillotine ngareretna teh, bari nanja kieu:

— Koemaha timbangan andjeun doktor?

— Koe emoetan mah teu kinten sampoernana, wangsoel noe saoerang bari ngasongkeun gambar, sakalian didjentrekeun deui koemaha prak-prakanana. — Namoeng, sanaos kitoe, teu langkoeng pangersa.

Noe nampa gambar bangoen hoesoe pisan ngileng-ngilengna teh, sadjongdjongan taja noe ngoeтiap saoerang-saoerang atjan.

— Naha potongan pesona ditjengkroengkeun kieu teh memang katimbang hoes? Naha peso kieu kira-kirana bakal sedeng ka oenggal beuheung? Koe sangkaan, rea noe moal katepi kabeh ............

Gebeg bae Sanson ngagebeg: ngageter, hatena ratoeg lir noe toetoenggoelan, lantaran harita keneh manehna tenget, apal ka noe ngedalkeun anggapan, njaho saha-sahana.

Radja anoe sasaoeran kitoe teh, meunang nganggo anggoan sing sarwa hideung, teu nganggo perhiasan kitoe-kieu, kawas adpokat atawa doktor bae.

Ngaleketej hate Sanson, ras kana menoranana kasaoeran radja anoe harita njamar sakitoe rikipna. Teu karana dihadja manehna rada tjengkat, ngareret kana tenggekna noe tes sasaoeran: enja roebak, malah roebak teuing keur peso noe potongan arit beubeunangan ngagambar Schmidt mah.

Maroeringkak poendoek sadjongdjongan mah Sanson teh.

Teu koengsi lila anoe anggoanana sing sarwa hideung mariksa kieu:

— Ieu manehna teh?

— Soemoehoen timbalan, wangsoel doktor.

— Tjik tjoba tanja koemaha timbanganana!

— Andjeun ngabandoengan bieu kasaoeran ieu djoeragan, lain? doktor ka Sanson, — koemaha timbangan andjeun?

— Jaktos kitoe, wangsoel Sanson: matak sesah potongan peso teh kieu mah.

Kangdjeng radja goemoedjeng bangoen anoe loegina manah ngadangoe pioendjoekna Henry Sanson teh, bari njandak kalam, menenkeun gambar peso tea, goerat noe asal bengkoeng disina lempeng, malah rada bentik ka loehoer.

— Bisa djadi oge salah pamanggih kaoela kitoe teh, tapi tjoba-tjoba bae adjaran doeanana naha mending peso lempeng atawa bengkoeng.

Geus kitoe andjeunna ngadeg angkat ngantoenkeun anoe tiloean, sabada oenggeuk bangoen anoe deudeuh pisan.

Beda tetendjoan Sanson teh harita mah: lain radja anom noe tjangker deui, anoe koe manehna koengsi dideuheusan di karaton Versailles, tapi oekoer djelema loembrah djeung noe rea, noe nilik kana pameunteuna kawas njerah djeung sadrah pisan. Oepama dibandingkeun kana joeswana, sepoeh teuing andjeunna teh, henteu narimbangan kabina-bina.

Ti barang lolos djeung soemping deui ti Varennes, radja Lodewijk XVI teh harita teu koerang - teu leuwih djadi sakitan abdi-abdina tjohagna mah.

Koemaha mah mamanahanana barang andjeunna ningali gambar meunang Schmidt tea?!

Gantjangnging tjarita, boelan Maart tanggal 7 doktor Antoine Louis dina Koempoelan Kabangsaan ngadadarkeun pamanggih reudjeung anggapanana kana pakarang anjar tea, sarta teu mangkoek sabaraha lilana, tanggal 20 Maart meunang timbalan soepaja gambar tea diboektikeun kana enjana.

Noe kapapantjenan njieunna nja eta Guidon, toekang kai kasohor oge djaman harita mah. Geusan njieun pakarang tea manehna menta boerochan reana lima reboe lima ratoes francs.

Barang geus anggeus, Charles Henry Sanson djeung doeloerna anoe doea ditimbalan soepaja njoba-njoba eta pakarang, di djero boei Bicetres, sarta geusan dipake njobana geus disadiakeun sawatara majit di dinja. Tanggal 17 April prakna ditjoba teh, di djero boei, kalawan disaraksian koe sawatara oetoesan djeung doktor ari sakitan-sakitan ronghok tina djalosi kamarna, nendjokeun noe keur meras parabot anjar.........

Tiloe majit anoe dipasrahkeun koe direktoer roemah-sakit, harita dipake njoba guillotine, diteuk teukan beuheungna. Anoe doea di adjaranana teh koe peso lempeng, sapat doeanana, ari hidji koe peso bengkoeng, deui anoe koe peso lempeng, sapat doeanana, ari hidji teu koengsi misah.

Dalapan powe ti harita, nja miti pisan ieu pakarang dipake neukteukan beuheung noe hiroep ngaran Pelletier, didakwa maling djeung ngarampog di tengah djalan. Oemoem abdi-abdi nagara kawas masih keneh mangmang kana guillotine teh: katjeriganana henteu saeutik, lantaran teu panoedjoe diajakeun deui hoekoeman pati koe djalan neukteuk beuheung djelema, babakoena mah ongkoh masih aringeteun keneh ka djaman Louschart ( dina bagian kahidji. Red. Sip.) tea.

Parandene kitoe ajeuna mah teu sakoemaha matak geundjleungna: noe djadi lantaran, pangpangna mah doemeh anoe rek diteukteuk beuheungna bae lain djelema pikaresepeun.

Djoeroedjana pantar Pelletier sigana teh taja noe oweleun. Eta sababna, anoe matak ti samemehna nepi ka salsena noe ngarah pati oge, kaajaan mah tinggal ajem djeung tengtrem bae.

Djaba ti eta teh, gitik-ratana noe njaraksian pada baroga kajakinan jen pakarang model anjar teh njoemponan noe dipiharep, nilik kana gantjangna peso noe ninggang beuheung sakitjeup geus papisah sirah djeung awak teh.

Kitoe anggapan djalma rea, manoesa noe kaantjikan sipat anjar, noe keuna koe owah-gingsir, noe pamanggih djeung kajakinana goemantoeng kana mangsa djeung kaajaan.

Ari lantaran, kahareup bakal kabandoengan nepi ka mana panggerna noe baroga kajakinan saroepa kitoe, awet henteuna kasoegemaan atawa kapanoedjoean Rajat oemoem koe ieu pakarang anjar.

*(Samboengeun)*

## Pangadjaran pamendak anjar

Koe margi pribados hojong ngadeudeul kana kama djengan bangsa Priboemi, ngahadja pribados ngajakeun pangadjaran „BREIWERK", noe teu kinten modelna kanggo Boemipoetra. Sakoemaha noe dimaksad hojong ngadjar, pribados nampi keneh pimoerideun. Atoeran-atoeran kenging badanten ka kantor, sareng kekengi-nganana anoe diadjar, koe pribados diitjal kalajan pa ngaos mirah pisan. Bilih teu pertjanten sae soemping bae ka kantor.

Ditampi saban dinten ti taboeh 8 doegi ka taboeh 7 wengi. 108

Kairing koe kahormatan

**Mevr. NAITO**

**KATJA-KATJA WETAN No. 95 BANDOENG.**

---

PALAJ OENINGA

naon kapentingan dina Agama Islam?

Gampil langganan bae

**AL- MA WA 'IDZ**

Serat kabar Agama Islam minggoean.

Alamat: MANONDJAJAWEG, TASIKMALAJA

---

## KAPENTINGAN KANGGE ADVERTEERDERS

Disoehoenkeun kalajan kahormatan, soepados ngintoenkeun teks advertentie, anoe kedah dimoeatkeun dina dinten eta keneh, tiasa katampi paling elat taboeh 10. endjing-endjing. Oepami tekst advertentie dikintoen keunana langkoeng ti waktos anoe parantos disebatkeun di loehoer, henteu nanggel tiasa dimoeatkeun dina dinten eta.

**Adm „Sipatahoenan".**

---

# R. Idih Prawira di Poetra

RECHTSKUNDIGE

Nampi padamelan ADVOCAAT ... PROCUREUR

Oeroesan ...

*Hoofdkantoor di Garoet*

Regentweg No. ...

*Bijkantoor di Tasikmalaja*

H.A. Mastoeki, Djadjawaweg ...

*Bijkantoor di Bandoeng*

G. Tjikapoendoeng 176/130.

---

## PASOENDANSCHOOL GAROET

**TJILEDOEGWEG**

Ti ajeuna parantos n a m p i p i m o e r i d e u n kangge klas I doegi ka klas VII.

Nampi pimoeridean di sakola ti taboeh $^{1}/_{2}$8 doegi ka taboeh 1. Oge tiasa soemping ka:

1 Djrg. Mami Danoemihardja di Tjangkoedoeweg
2 „ Koernia di Tjiledoeg Oost No. 1...
3 „ Oedjoe di Tjiledoegweg, tjaket t. Helb.

Noe ngadjeng-ngadjeng
Kapala sekola

---

# Sjarif-Amin ?!

Saha noe bireuk kana kalemesan kalamna noe kase bat di loehoer?
Komo dina „Bogoh ka doeloer" mah geura, da ngahadja kanggo boekoe tea, poendjoel tina tapak penana dina serat kabar.
Koe ngintoenkeun artos f 1.— (**saroepia**) tiasa diboektikeun!

**Uitgever „Bogoh ka doeloer."**
Groote Postweg Oost 123 — Bandoeng.

---

## Landong-landong JAPAN

Tjap TIMBANGA sareng Tjap KIPAS



ANOE PARANTOS KASOHOR

Salamina sajagi kalajan tjekap.

Poendoet prijscourant ka

Toko Obat **Nakamura**

Kanoman No. 40 — Bandoeng.

---

## Oelah lali!

Hoofdagent plaat gramophoon:
ODEON-GADJAH
HIS MASTERS VOICE (tjap Andjing)
BEKA
COLUMBIA

lagoe-lagoe: Soenda, Malajoe (krontjong, stamboel sa-reng extra), Djawa, Arab sareng Europa.

Toko ANG WEST

27 Passar Baroe 34 — Bandoeng

---

## Tida 1 dalam 100

Ja, tida satoe dalem 100 orang taoe qualiteit barang ba-gimana ada jang baik. Dengan gampang pembeli bisa k a d i e b l o s.

Itoe bergantoeng sama sekali dari pendjoealnja. Dari itoe kaloe Djoeragan maoe pake barang, taoelah pada adres siapa Djoeragan moesti beli. Ja-itoe pada adres jang pegang tinggi nama tokonja, sebab adres jang soedah terkenah ada mendjadi satoe tanggoengan.

Terlebi-lebi kaloe Djoeragan membeli kain Batikan. Djoeragan misti pergi pada toko jang pegang Qualiteit. Dengen harga menjenangkan toko **„De STIA"** Pangeran Soemedangweg Bd.

Sedia roepa² kain Batikan Tenoenan petji dan ketoe-oedeng.

N. B. Berlangganan sama kita berarti Berhemat.

---

HOUTHANDEL **„KANTJANA"**

**Gr. Lengkongweg Telefoon 2532. Bandoeng**

Njajagikeun roepi roepi kai noe njekapan kana ka perloeanana Aannemers sareng Architecten, kaperloean midamel boemi sareng adegan-adegan noe sanesna.

Ngagadoehan Transport-onderneming anoe tjekap kangge nioemponan sadajana kaperloean.

Ngagadoehan filiaal di Pangeran Soemedangweg 184 sareng di Gardoedjatiweg No. 51.

Ngetang pangaos teu kinten mirahna 209

---

## DRUKKERY&BOEKBINDERY

## „BOEHRON"

**Djalan Emong 43a — Bandoeng.**

Moelai ini persesahaan Drukkery dan Boekbindery ada dalam pimpinan saja, harga-harga pertjitakan dan boekbindery ditoeroenkan semoerah - moerahnja. Bikinlah doeloe pesenan pertjobaan, boeat mengata hoei, apa Toean bisa berlangganan teroes atau tida. Boeat di Bandoeng pesenan - pesenan, bisa dipanggil di roemah Toean. 205

---

DRUKKERIJ & BOEKBINDERIJ

# Tjahja-Pasoendan

BANDOENG Gr. Postweg 123 — CHERIBON Pekiringan 88

Adalah soeatoe DRUKKERIJ kepoenjaannja bangsa Boemipoetra dengan pegang systeem paling baroe, jang pekerdjaannja serba netjis, rapih dan tentoe mendjadi soeatoe tanggoengan kepoeasan bagai pemesen.

Motto:
LEBIH MAHAL PEKER-DJAANNJA, TETAPI MOERAH HARGANJA.

TJOBALAH BERLANGGANAN!

---

Anggo salamina
SAPATOE
SELOP
TAROEMPAH
SANDAL

24 Kaloearan:

Schoenwinkel „ARDJOENO"
Soeniaradjaweg 71 — BANDOENG

---

# Tjepet Rapih Moerah!

**Panoeroenan Ongkos Midamel Ketoe Oedeng**

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 oedeng | didamel | 1 ketoe oedeng | f 1.— |
| 1 „ | „ | 2 „ „ | f 1.50 |

# HALIM

Toko Batikan. Ketoe oedeng Kopjah, po-enggoenoen palekat soetra s.s.t.

Wester passar straat No. 16 — Bandoeng

---

**OEBAR KOKOLOTEUN**

Hidji oebar noe panghaloesna, serta pangmatihna, pikeun ngoebaran sagala kasakit dina beungeut, njaeta anoe kaseboet k a s a k i t k o k o l o t e u n.

Harga na 1 doos f 0.30.

**BEDAK RATOE**

Lemes djeung seungit.
Koewat toer matak lemes kana koelit, beungeut.
Harga sadoos f 0.15

Tiasa ngagaleuh di

## Apotheek EUREKA+

Pasar-Baroe 19 Gr.postw.64 (Sabeulahna Toko VISSER) BANDOENG

DROGISTERIJ „LAWI"
CHERIBON

---

INHEEMSCH-FOTOATELIER

## „ALOEN"

Pangeran Soemedangweg 49 — Bandoeng

Nampi sadaja-kanten padamelan PORTRET, sareng ngitjal kangge kaperloeanana portret.
Oge tiasa MOTRET SIANG sareng WENGI

**KUNSTLICHT OPNAME!**

Soemangga boektoskeun kekengingan bangsa oerang.

Noe ngadjeng-ngadjeng
**ALOEN**
185 Fotograaf

PANGAOS LANGGANAN
Ngahidji sareng hoofdblad

„SIPATAHOENAN"

PANGAOS ADVERTENTIE
Noemoetkeun pangaos hoofdblad

NGAWOENGKOEL PERKAWIS „KABOEDAJAN" DIKALOEARKEUN SABAN DINTEN REBO

No 190 — 21 Augustus 1935 — Rebo — 21 Djoemadil'awal 1354 — taoen ka XII

# Njoektjroek² lakoe goenoeng.

Latjak talapak manoesa, loe loeroeng lakoening goenoeng. sadjarah hiroepna bangsa, babad gelaring na gara.

*Dina poestakamangsa „Djawa" 1e. Jrg. No.3. Toean Labberton parantos njebarkeun pamendak manahna, tina perkawis sadjarah Poelo-Djawa noe toemali kana bitoena goenoeng-goenoeng api. Koe emoetan, eta boeah manah tiasa djadi panggeuing galih ah li mikir. moal boa tiasa ngagoegah manah para loeloegoe kabang saan Soenda, noewoehkeun pang gajoeh kaweroeh hal kaajaan nagara oerang sareng bangsa oerang.*

*Nadjan eta boeah manah pa rantos lami disebarna, nanging teu atjan laas goenana, teu atjan leungit sareng adjenna teu atjan ngirangan. Komo keur oerang mah, oerang Soenda, noe mimiti areling deui di tapel-adamna, lir tjai noe rek baralik deui ka wa loengan Ka-Soendaan, ngamoeara ka Sagara kamanoesaan sadjagat.*

*Djisim koering ngaraos lepat oepami teu njanggakeun boeah manah T. Labberton tea ka kan tja mitra noe marisono kana Lamp. Kaboedajan.*

*Eta margina noe mawi ieu di handap kasanggakeun salinanana. Moegi-moegi aja mangpaatna ka sadaja kantja mitra noe ngamoe moele poesaka titinggal sepoehna sareng kaangoengan para Loeloe hoerna.*

## I. GOENOENG MOERIA SARENG TJANDRA SANGKALA.

*Dina boekoe „Java" karangan toean Junghuhn, djilid III katja 347 — saoer T. Labberton — aja tjarios hal goenoeng M o e r i a atanapi M o e r j a - p a d a kieu pokna: „Koe margi eta tiasa djadi ieu goenoeng teh, goenoeng api noe pangkahotna di P. Djawa. Bisa djadi kawahna ieu goe noeng, pareumna leuwih ti pajoen manan kawah goenoeng O e n g a r a n. Eta goenoeng deukeut pisan ka basisir Laoet Kaler, ma lah soekoena oge njodor ka laoet djadi bobodjong atanapi tandjoeng.*

*Moen heug koe oerang diban ding-banding sareng goenoeng² sanes, G. M o e r i a teh meh sa timbag sawanda sareng G. R i n g g i t tjaket Basoeki. Namoeng agengna benten: ari G. Ringgit mah alit, sareng parantos resak sama sakali, parantos roeg roeg, doepi G. Moeria ageng sareng woengkoel keneh.*

*Lalakon goenoeng Ringgit anoe kakoeping moeng ditjarioskeun koe Valentijn; noemoetkeun seseratan T. Valentijn, eta goenoeng parantos bitoe dina taoen 1586, aja 10.000 (salaksa) djelema anoe maot kaoeroegan sareng kabandjiran. Koe emoetan, di Djapara oge moal kirang ti sa kitoe djelema anoe resak koe bi toena G.Moeria.Moeng tenaja tja riosanna bae. Doeka aja doeka henteu noe pitiasaeun mapaj rara tjan sadjarahna eta goenoeng."*

*Kitoe tjek eta boekoe. Dina ka tjaan eta keneh aja tjatetan anoe kieu oengelna: „Prof. Roerda van Egsinga parantos ngarang boekoe HAL DJADINA GOE NOENG²". Dina eta boekoe, an djeunna metik pirang-pirang tja riosan tina boekoe-boekoe babad Djawa, sapertos: djadina G. Kendang — moesna akar sepi sang tapini. Djadina G. Pandan — malinggoena wani mati. — Di Bawean loba bagong paeh — njipta djalma Sagapoera karaton —oelah kaliwat nja matja— kem bang nagasari siang'na djambangan.—*

*L o s a r i disebatkeun—hajam njileungieum'na sajangna — Haloen aja ti baheula — meong tjongkok disada di eurih djangkoeng—S a m a r a n g diadegkeunana.—loba boedak teu indoengan — menak njasaak panganggo. djoekoet leungit ngawang-ngawang—Diadegkeunana M a d i o e n.—moending goejang di kan dangna. — landak paeh na liang na — koeda paeh di Bandoeng — pasmat moerag di poentjak goenoeng — hawiraga geus aja baheula — dj.s.t."*

*Tetela naker — saoer T. Lab berton — jen T. Junghuhn sama sakali teu oeningaeun kana tjan drasangkala, disangka koe andjeunna omongan ngatjo bae.*

*Naha enja eta atoeran Djawa kitoe teh taja pisan hartosna? Naha enja eta teh istoening perkara teu poegoeh woengkoel tjara timbangan pirang-pirang anoe palinter oerang Koelon? — saoer T. Labberton. Teu sing ari tjek noe ngalartieun mah. Tjek noe weroeh di semoena, tjek noe harti di rakitan, tembong kaaloe sanana. ebreh kaanehanana.*

*Saoer T.Labberton, ari T j a n d r a s a n k a l a teh, babasan noe djadi tjatetan,weling keur pange ling-ngeling, djadi tjiri kadjadian: oenggal ketjap djadi angka, dibatjana dibalikkeun, diseboet BALIK SOEARA, djadi toedoeh taoen kadjadianana hidji perkawis gede noe djadi antjer-antjer lalakon nagara sareng sadjarah kabangsaan Djawa. Doepi atoeranana gampil pisan, toer loejoe ninggang dina papajan akal, ngan noe matjana bae koedoe soerti djeung harti.*

*Geura oerang tjarioskeun saeu tik eutikeun patokanana:*

*PANONPOWE, BOELAN, BOEMI, MANOESA, ALLAH ........... s. spp. sakoer noe noedoehkeun kahidjian, eta hartosna = 1.*

*PANON, TJEULI, LEUNGEUN, SOEKOE, NANGTOENG = 2.*

*ENDOG, SEUNEU, BAKAT (TRI-GOENA) = 3.*

*LAOET (tjatoes samoedra), ALAMING DJAGAT = 4.*

*INDRYA (pantjadria), DJAMPARING (pantjadria diperlambangan koe 5 djamparing Ardjoena) sipatna anasir (PANTJABHOETANI: TEUAS, ENTJER, BANGSA HAWA, SOROT sareng AETHER), LELEMBOETAN sareng MILIRING HAWA = 5.*

*RASA LETAH (AMIS, PAIT, HASEUM, PANGSET, PAHANG sareng LADA), MANGSA, SATROE (toedjoeh satroe batin: SAHWAT, AMARAH, KORET, PANGBIBITA, GOEMEDE sareng PANASTREN), RAKITAN PALASIPAH = 6.*

*SOROT PANONPOWE (ROETJI), KOEDA (koeda toe djoeh noe ngagoesoer panonpowe, perlambanging warna toedjoeh noe goemboeloeng djadi so roting soerja), OENDAK-OENDAKANANA SORA, SOARA (a. e. i. o. oe. ai. au.) RESI (sap ta resajas = bentang noe ngaranggeuj djadi Grooten Beer) = 7.*

*GELAR (MOERTI), GADJAH (langit perlambangna gadjahna Batara Indra, 8 madhabing padoman:*

*KALER, WETAN, KIDOEL, KOELON, KALER — WETAN KIDOEL — WETAN); naga (sandina daja dianggap aja 8), BRAHMANA = 8.*

*LIANG (babahan hawa sanga) LAWANG, GAPOERA, BENTANG PLANEET (GRAHA) = 9.*

*SOENI, SOENIA, LOLONG KRANG, LOWONG, AKASA = 0.*

*Tah eta patokan adjen-adjen ketjap, anoe biasa diaranggo nga damel TJANDRASANGKALA. Kadjabi eta, aja deui ketjap-ketjap anoe pangadjina kieu: TOEDJOENING PANINGAL = 10 (madhab padoman + loehoer sareng handap).*

*ROEDRA (Dewana angin ba rat) = 11*

*DJALANNA PANONPOWE = 12.*

*Sareng sadjabi ti eta.*

*Aja noe sok ngaheseukeun ka na ngahartosan tjandrasangkala teh, doemeh loba ketjap-ketjap anoe sok diraranggo koe boedjangga Djawa, noe tiasa asoep ka di toe ka dieu. Misilna:*

*MOEKNA lamoen dianggap BEUNGEUT, djadi saroea reudjeung SIRAH, eta hartosna = 1; nanging oepami noe dipimaksad di dinja teh BAHAM, hartosna = 9.*

*GANA (ghana = tjatjaka), = 6; oepami dimanah sami sareng GAGANA (langit) = 0.*

*WEDA, djaman baheula weda teh moeng aja tiloe roepi, dja di 3, nanging kabehdieunakeun di woewoeh saroepi deui koe ATHARWA, eta oge disebat Weda keneh, djadi ajeuna aja 4 roepi Weda; koemargi eta WEDA = 4.*

*(RESI, djisim koering pribados sok mindeng make noedoehkeun angka-angka 5, margi aja basa PANTJA RESI, patokan boedjangga noe pangdiagoengkeunana. Doepi di loehoer disebatkeun noedoehkeun = 7, njandak tina ketjap SAPTA-RESAJA. P.)*

*Tahoen anoe ditjatet koe Tjandrasangkala dina boekoe-boekoe Djawa, ilaharna tahoen Saka hartosna tahoen ti ngawitan Ajdi Soka soemping ka Poelo Djawa, nja eta ninggang dina ping 14 Maart 78 tahoen Isa. Dina alam windoe (abad) panengan Sadjarah Djawa bedana tahoen Saka sareng tahoen Isa angger 78 atanapi 79 tahoen. Nanging ka-behdieunakeun sajaktosna henteu angger 78 tahoen bentenna sareng tahoen Isa teh, margi ngawitan ti tahoen Saka 1555 (Tahoen Isa 1633) itoengan tahoen Djawa teh nganggo tahoen Arab, djadi dina saban tahoen langkoeng gan tjang meh 12 dinten, da nganggo tahoen-boelan tea. Doepi alam kapoengkoer mah nganggo itoengan tahoen Hindoe, noemoetkeun djalanna srangenge, djadi pandjangna oemoer tahoen sami sareng tahoen Masihi. Ajeuna bentenna bilangan tahoen Djawa sareng tahoen Masihi teh moeng kantoen 70 tahoen).*

*Koe para boedjangga Djawa Preboe Adji Saka teh didamel perlambang woedjoeding Kaboedajan Djawa dadapoer Hindoe mekar di oerang.*

*Rawoehna ka P. Djawa masih nonoman njandak doea pandita Agama Boeda, disebat TJARAKA.*

*Eta doea pangiring dipapantjenan kedah miwoelang aksara sareng kaweroeh Hindoe. Nelah dongkap ka kiwari roentoejan ak sara Soenda diwastaan TJATJARAKAN. Nja ti Adji Saka asal asalna ngaran goenoeng-goenoeng di P. Djawa noe koe basa Sangsekerta, babakoena ngaran goenoeng noe djadi diedjer tjarios, nja eta goenoeng MOERIJA enja na MAURYA-PADA.*

*Dina soekoe eta goenoeng, beulah kidoel aja tanah datar; di dinja ajana dajeuh POERWODADI (= noe pang heulana kadjadian), GROBOGAN (= tjinjdesoe, panas rada baoe warirang), KOEWOE (= pakarangan noe dikoebeng koe bebentengan pakeun nolak moesoeh). KASANGA (= mangsa kasalapan = Tjaitra-masa = Maart — April, oesoem diboeat); eta sadaja tempat teh djadi tjiri-wantji pangeling-ngeling ka djaman gemah rahardjana nagara noe alam baheula aja di eta tanah datar, nja eta nagara MENDANG KAMOELAN (MENDANG = soemendang, soemedang, hartosna = tjinjoesoe noe ngaboelak noe ngaboerial.— KAMOELAN = baheula; asal tina basa Skr MOELA = akar. Nanging tiasa djadi oge eta KAMOELAN teh leresna mah KAMOELYAN atanapi KEMOERYAN).*

*Naha naon hartosna MAURYA - PADA teh?*

*Pangadjaran Boeda teh mimiti disebarkeunana di tanah Hindoe ± 500 tahoen samemeh Nabi Isa, nanging, njebarna enjamah nembe dina 259 tahoen samemeh Nabi Isa. Margi nadjan nalika Boeda djoemeneng keneh parantos ngahadja oge ngoetoes 60 pandita ka pirang-pirang nagara ngan teu tetela ngoetoesheunteuna ka Indonesia — nadjan kitoe, ari dienjakeunana mah ngawoelang sareng njebar eta elmoe teh kakara dina alam Radja Asjoka, Radja Agoeng di Magadha. Dina sanggeus andjeunna djoemeneng Radja sawelas tahoen, ladjeng madjengkeun pangadjaran Boeda digedekeun dienjakeun, istoe didamel padamelan nagara.*

*Moro, perang sareng naloekkeun nagara sareng bangsa lian dipahing pisan: noe didamel gawe nagara moeng: njebar karahardjan, kaboedajan sareng ngahoedangkeun ati rahajat sangkan eling kana Agama. Preboe Asjoka ngantoenkeun talapakan anoe natrat atra dongkap ka kiwari: sadaja paparentahanana sareng papakem-papakem andjeunna, diserat (dioekir) dina tjadas hiroep sareng dina pirang-pirang lingga. Aksara bangsa-bangsa anoe aja di sakoerilingna tanah Hindoe, oekoer noe kasebaran kaadaban Boeda, sadajana asal tina aksara noe dianggo njatet pangadjaran Boeda koe Preboe Asjoka tea. Aksara Djawa baheula, pokona aksara Djawa sareng aksara Bali ajeuna, kitoe deui aksara bangsa-bangsa di Selebes Kidoel, Soematra, Batak, Ocloe, Rentjong, Koerintji, Lampoeng, nja kitoe deui aksara bangsa-bangsa di Hindoe - Toekang, Kambodja, Siem, Burma, Tibet, Ceylon sareng aksara-aksara noe diparake koe pirang-pirang bangsa di Hindoe, tjaraning: Marathi, Guzeratt, Banggali sareng Tamil, Granatha sareng Dewanagari, sadajana njandak poko tina aksara noe dianggo koe Preboe Asjoka.*

*Doepi tjatjarakan Asjoka tea diwastaanana: MAURYA - LIPI (LIPI = toelisan); Preboe Asjoka oge kakasihna nja MAURYA. Ari Preboe Asioka ka poetoena Preboe TJANDRAGOEPTA, anoe keur anomna koengsi tepang sareng radja ISKANDAR DOELKARNAEN, nalika ieu Radja Agoeng naloekkeun Hindoe (327 — 325 samemeh N.I.): dina boekoe-boekoe basa Joenani Preboe Tjandragoepta teh disebatna SANDRAKOTTOS. Barang Radja ISKANDAR DOELKARNAEN poepoes di Babylon dina sasih Juni 323 samemeh N.I., tanah Hindoe baha ka Joenani, nja noe djadi loeloegoena ngagempoer kakawasaan Joenani di Hindoe teh andjeunna: sarta nja andjeunna noe nantjebkeun bandera menak MAURYA, ngadegkeun karaton MAURYA, djadi loeloehoer bangsawan MAURYA. Ari eta djenengan teh ngalaka djenengan GOEROE Sang Preboe.*

*Tahoen Djawa mimitina ti tahoen 78, nja eta ngitoeng ti barang Adji Saka soemping ka P. Djawa.*

*Di Hindoe alam harita pergerakan Agama rosa deui. Eta ngaran tahoen (Adji Saka), enja-enjana ngaran kenging metik tina ngaran tahoen Hindoe SJAKA atanapi SJALI - WAHANA, patali sareng djaman pamarentahan Radja-Radja toeroenan SJAKA di Hindoe - Kaler, nja eta Preboe KANISKA sareng Preboe HUWISKA.*

---

# Oleh-oleh noe tas reureuh.

*(Samboengan)*

*'ITIKADNA SOENAN KOEDOES.*

*(Ngawaler kana pamariksana Sjeh Maolana Magrib, woe djoedna sareng ajana Maha Soetji koemaha?)*

*Menggah pamendak djasad kaoela mah djoemenengna sareng ajana Goesti Allah teh teu aja sanes kadjabi ti hoerip tapi hiroep, tah sanes roch, sanes napas, sanes angen-angen, sanes rasa rosoel. Ari eta teh di manoesa noe geus ma'ripat. Tapi tangtos sesahna mah, margi dawoehan Kangdjeng Nabi Goesti Allah teh ora enggon, teu aja asalna teu aja oeroetna, teu di loehoer teu di handap, djalma moal tepoeng, nadjan diteangan ngaler, ngidoel, ngoelon, ngetan oge memang moal kapanggih, kadjabi ti hiroep oerang keneh. Anoe mawi tetela noe ngadamel boemi langit katoet eusina kabeh taja lian kadjabi ti Goesti Allah.*

*Tapi samemehna aja oerang memang Kangdjeng Nabi Adam oge tatjan aja. Tapi kedah kanjahokeun Goesti Allah ngadamelna mahloek atawa Kangdjeng Nabi Adam. Sanggeusna bandingkeun indoeng landjang bapa boedjang, oerang aja dimana, soesoel koe elmoe, teangan koe akal, geuning pamendak oerang benten-benten, padahal Goesti Allahna mah atawa Kangdjeng Nabi Moehammad s.a.w. moeng hidji.*

*Noe kaemoet koe djasad kaoela eta angen-angen teh ngaran iman. Ari basa iman nja eta Islam, ari basa Islam, nja eta napas noe kaloear ka djero ajana di manoesa, nja eta hoerip panggonan Goesti Allah atawa Noer Moehamad.*

*Doepi hoeripna Maha Soetji, ngadjak paeh ngadjak hiroep, angen-angen teu aja kawasa, soemawonna napas noepoes, ibarat kemaleoean, getih, daging, toelang, soengsoem, kitoe deui rasa rosoel ngahidji.*

*Doepi Allah eta mah asma atawa ngaran, tapi noe mana ari noe Maha Soetji?*

*Pikeun saksi hiroep oerang, oepama hiroep oerang anoe gaib eta enggon Noer Moehammad djagat raja kabeh, sirna teu boga rasa, oerang teh lain lalaki, lain awewe, malah lamoen hiroep oerang waktoe sare eta geus teu boga pangrasa, kapan ari sare teh sami sareng paeh sabab geus teu emoet atawa leungit. Dina ajana manoesa di dinja oerang bisa njaho terang ka djati hiroepna Maha Soetji di dinja oerang bisa njaha Soetji noe deukeut tanpa gepokan, djaoeh teu aja antarana. Hiroep oerang wawajangan, oesik malik kalawan Goesti, kitoe deui angen-angen henteu njaho mana enggon hiroep oerang, kapan ti beurang hiroep ti peuting paeh djeroeun paeh, ti beurang ti peuting hiroep. Noe mawi kaoela mah bingoeng mana enggon hiroep teh soemawonna neangan panggonan paeh, noe mawi paeh hiroep teu ngamilik. Ngaran hiroep sakarepna sipatl, noe mawi langkoeng sae neangan djalan, mapaj ti bapa sareng ti indoeng.*

*Bapa boedjang indoeng landjang, oerang aja di mana?*

*Indoeng noe ngandoeng, bapa noe ngajoega, kanjahokeun nepi ka djadi oerang ajeuna. Kapan Goesti Allah mah moerah tina naon bae djalanna mah. Geura hartikeun, boeloe hiroep koe koelit, koelit hiroep koe getih, getih hiroep koe daging, daging hiroep koe oerat, oerat hiroep koe toelang, toelang hiroep koe soengsoem, soengsoem hiroep koe hoerip.*

*Pendekna njaho koepoer, teu njaho kapir. Tah sakitoe pamendak kaoela mah, mangga njanggakeun lepat leresna sadaja-daja.*

*'ITIKADNA SOENAN PERWATA.*

*(Ngawaler kana pamariksana Sjeh Maolana Magrib, woe djoedna sareng ajana Maha Soetji koemaha?).*

*Saoer Soenan Pewata: He para saderek, moega ageng pangaksami menggah pamendak kaoela mah kieu:*

*Bieu geus diseboet koe Soesoehoenan Koedoes jen djalan nganjahokeun ka Goesti Allah teh roepa-roepa.*

*Ari tekad kaoela mah doea, nja lahirna Islam, batinna boeda, basa Djawa djeung basa Arab hartosna mah sami bae. Kangdjeng Rosoel ibarat dianggap kresna djeung wisnoe, Batara Goeroe ibarat ngaran Allah, tatalina hoerip kaloear asoep ngaran sedjen-sedjen.*

*Doepi kaoela njembah ka noe Maha Soetji, hate mikir-mikir pantiadria pepek kabeh, noe mawi teu aja sanes noe dipiemoet moedji-moedji dikir teh noe marentah angen-angen pribadi. Oepami hajang papendak sareng Batara Goeroe kedah semedi dina antara napas anoe kaloear djeung noe asoep, nja eta noe asoep ngaranna wisnoe, noe kaloear kresna ngahoeripan sadjagat boeana. Ari Sanghiang Goeroe dina waktoe kaloear asoep, lamoen mantep panjiptana lir sipat oerang. Ari Sanghiang Noer Tjahja asoep atawa tjitjing dina panon poelang anting kana datna Manoesa, saperti panggilingan, ti aki kaoela nepi ka djadi kaoela ajeuna.*

*Koe tekad Soenan Perwata manah-manahna wali-wali noe sanes rada hemeng reh pamendakna tina djaman boedha. Ladjeng Soesoehoenan Goenoeng Djati ngadawoeh, saoerna: He jaji Perwata, koemaha margina noe mawi andjeun nganggo atawa resep kana elmoe Boedha, kapan menoeroet Islam Arab mah soedjoed roekoe lima waktoe, ngadji Qoer-an atawa napsir, tapi ieu kitoe, bok bilih kaliroe atawa soelaja sareng noe sane:*

*Saoer Soenan Perwata: O, kakang solat roekoe soedjoed kitab Qoer-an tapsir, ma'nana aja di kaoela. Nadjan njarioskeun bangsa Dewa moeng kanggo ngoepamikeun, margi basa Arab sareng basa Djawa sami bae, moeng sanes pokna. Tah kitoe pamendak kaoela mah, mangga njanggakeun*

*Poetoesanana Soesoehoenan Maolana Ishaq: He sadaja para moeslimin, kaoela parantos ngoeping sareng tetela, sarta parantos diserat koe Sjeh Doemba sareng Sjeh Madjagoeng, soepados djadi tjatetan.*

*Menggah patekadan hidji-hidji, wali henteu sami, benten-benten. Tapi timbangan kaoela sadajana oge sae toer leres tjek hakekatna mah, kantoen netepkeun dalil Qoer'an: Hawadis watamsa bil qoerwati, noe anjar loemakoena*

koedoe koekoeh, maksadna taja sanes kadjabi kedah keukeuh tohid atawa pertjaja kana ajana Pangeran, nja eta ngaran elmoe tetep teu gingsir, kapan aja babasan Iman tohid ma'ripat Islam. Ari agama mah nja eta rarangken alam doenja, ngariksa sagala oemat.

Ari sembah djeung soedjoed noeroetkeun kanjahona pribadi. Deui noeroet kalam boedjangga tjeuk basa Arab: Wallohoe min kobatirohi. Goesti Allah noe ngadamel tempat roch. Ari roch teh roepa-roepa, tegesna roepa-roepa banjoe, djadi diseboet Allah teh tjeuk basa Arab, tjeuk sedjen basa tangtoe sedjen, boga ngaran sorangan.

Ieu kaoela ti Arab (Mekah) pindah ka dieu taja sanes kadjabi moeroek bab agama Islam. Ari boektina jaktos ari djalanna mah benten-benten, tapi maksadna sami.

***

## PAMENDAK NOE LOEHOENG ELMOENA.

*Kinanti.*

Toengtoengna ngahoeroen baloeng, moeroe boeah neang boekti, rek njaba djeung Allah saha, paribasa ja Ilahi, he Allah Goesti kaoela, di noe tjaang di noe boeni.

Kadoehoeng ngadjoegdjoeg djaoeh, horeng ngoekoentit ka aing, baloeas da koerang awas, ati lali ka ma'ani, goemelar mapan wajahna, noeding ka noe lain-lain.

Moepoendjoeng ka oewoengoewoeng, migoesti ka lain misti, mangeran ka awang-awang, lain deui - lain deui, noe aja di sahasaha, aling-aling roh idopi.

Miboetoeh koe illelohoe, noe moerba wisesa diri, leungiteun hiroep sorangan, pangasoehna ti leu leutik, balangah salah tarima, pahili noe dipieling.

Babasan Allah noe agoeng, was pada lahir djeung batin, maroekan lain manehna, lahirna ditoeding ati, batinna ditoeding rasa, teu salahir - teu sabatin.

Tah kitoe jataradadoen, da bongan paraebihim, katambias parahoena, kerok mirandjina hidji, ngoembara sosoranganan, da poegoeh pahatoe lalis.

Kalingkoeng bingoeng koe kitoe, rea anoe noeding aing, kaboektian moelja hina, da kapalingan ti peuting, da kasajaban ti beurang, aing dipaling koe aing.

Djaoeh-djaoeh disoesoehoen, nepi kana oeroet tadi, singhoreng njaba ngoembara, ajeuna matoeh di tadi, pada silih tanja ngaran, bawaning koe tina pangling.

---

# Ngoelik Wetenschap nganggo basa Soenda

Koe:
S. ANDASASMITA.

IV.

Parantos kapihatoer sakadar tjonto logica 3 roepi patokanana.

Poko nomer hidji nja eta A = A.

Naha aja noe mikir, noe teu nganggo djalan ieu?

Aja, nja eta mikir noe memeh nganggo logica tea, noe nelah prae-logisch denken tea dina basa Walandana mah.

Ieu ketjap teh salinan tina „mentalite prae-logique", nja eta ketjap anoe ngawitan dipentjarkeunnana dina doenja psychologische wetenschap koe prof. Levy Brühl.

Doegi maksadna Prof. Bruhl mah, nja eta geusan ngabentenkeun mikirna djalma anoe parantos ngagadoehan kaboedajan (cultuurvolk), sareng djelema anoe masih biadab keneh (natuurvolken).

Patokan A = A teh menggah di bangsa anoe biadab keneh mah teu aja. Margi teu atjan aja pang roetjat (analyse) sareng watesswatesna harti (begripsomlijning).

Tjontona:

Sanggem oerang maoeng teh sato galak.

Namoeng sanggem sapalih bangsa noe biadab keneh mah, maoeng teh sakapeung sato galak, noe diparake kasieun, sakapeung sato soetji, anoe disembah-sembah koe maranehna.

Di oerang oge aja keneh sesana. Geuning di sawatawis tempat, aja noe moedji ka maoeng, doegi ka njebatkeun oe tara maoeng, namoeng „menak leuweung".

Kaajaan pikir saroepi kieu, aja keneh pasesaanana di oenggal bangsa oge, namoeng anoe katawis pisan mah nja eta di moerang kalih.

Geura, ajeuna eta kai sateukteuk teh djadi kareta api, tapi djam engke mah geus ganti deui djadi koeda, toeloej ditoempakan.

Oepami oerang nengetan baroedak noe noedjoe aroelin pasal ieu tangtos kaoeninga.

Anoe kieu keneh pamikirna disebatna koe prof. Brühl nja eta „mentalite praelogique" tea. Seueur ahli-ahli anoe teu patos moepakat kana ieu sesebatan teh. (Tingali disertatiena Dr. Mr. Soetan Goenoeng Moelia: „Het primitieve denken in de wetenschap").

Aja deui anoe ngalandi, menggah pamikirna boedak mah, sanes logisch, sanes praelogisch, namoeng ngagadoehan hidji djalan mikir sorangan, anoe adeganana benten ti noe doea noe kasebat tadi. Koe margi eta adegan pamikir boedak mah, ngagadoehan ngaran sorangan, nja eta: „KINDER LOGISCH".

Dina njarioskeun perkawis djadina HARTI, parantos kapihatoer, reh dina ngaragragkeun poetoesan, anoe nelah sylogisme tea, kieu tjontona:

> Kabeh djelema bakal paeh.
> Si Dadap djelema.
>
> Djadi si Dadap ge bakal paeh.

Tah pitiasaeunana oerang midamel poetoesan kieu teh, oepami harti djelema dina kalimah kahidji (major) sami sareng harti djelema dina kalimah kadoea (minor).

Margi oepami ieu harti benten mah oerang moal tiasa midamel poetoesan sapertos tadi.

Geura ieu:

> Maoeng gede karamatna.
> Kamari koering nendjo maoeng.
>
> Djadi maoeng noe kamari oge gede karamatna.

Ieu hidji poetoesan, namoeng teu atjan tangtos leresna, margi nja eta tea sakapeung mah maoeng teh sato galak, sakapeung deui sato soetji.

Ana noedjoe dianggap sato soetji, nja maoeng noe kamari teh leres gede karamatna, namoeng ana noedjoe dianggap sato galak mah eta poetoesan teh lepat sama-sakali, margi boedjeng-boedjeng aja karamatan tea, pakendak ge kedah dipaehan.

Tah sakieu bentenna baloekarna mikir nganggo logica, sareng nganggo patokan praelogisch teh.

Ajeuna oerang teraskeun kana anoe sering djadi pagendoean saoer di doenja ahli mikir bangsa oerang.

***

Samangsa-mangsa hidji barang AJA eta barang mohal EUWEUH.

Samangsa-mangsa LAIN BEURANG, tangtoe PEUTING.

Samangsa-mangsa LAIN HADE, tangtoe GORENG.

sareng seueur-seueur deui.

Tah ieu sadajana nganggo patokan A = A tea.

***

Namoeng di ahli kabatinan bangsa oerang aja kasaoeran kieu:

Bororaah hade teu goreng-goreng atjan.

Bororaah pinter teu bodo-bodo atjan.

Bororaah aja teu euweuh-euweuh atjan.

sareng seueur-seueur deui.

Naha ieu kalebet kana mentalite praelogique tea?

Sapertos tjonto maoeng tadi?

Koe emoetan hentee

Margi kasaoeran sapertos, bororaah pinter, teu bodo-bodo atjan tea, sareng sabangsana, eta ngagadoehan pangadeg sorangan, anoe samasakali teu kenging dilebetkeun kana mentalite praelogique.

Noemoetkeun logica:

HIDJI - HIDJI.

Namoeng dina agama Kristen aja babasan DRIE-EENHEID, hartosna:

HIDJI - TILOE.

Di oerang ge kapan aja babasan saroepi kitoe teh, sapertos:

LORONING TOENGGAL.
TOENGGALING LORO.

TJAMPOER TEU MIHIDJI
MISAH TEU MIDOEA.

Padahal noemoetkeun patokan logica mah, samangsa-mangsa tjampoer nja ngahidji, samangsa-mangsa misah nja sakirang-kirang na doea.

Naha masalah drie-eenheid, loroning toenggal s.s.t. ieu kenging disakolomkeun sareng model maoeng tadi, kana mentalite-praelogipue tea?

Koe emoetan henten margi ieu mah sanes pentjaran ti samangsana djelema bisa mikir make logica malah sawangsoelna pisan, seuseueurna anoe dongkap kana palanggeran mikir lebah dinja teh biasana anoe saparantosna jakin reh logica tanagana teu tiasa dianggo nerangkeun sagala roepi masalah (Djadi tanagana logica teh niet onbeperkt.)

Di Eropa kaajeunakeun aja anoe ngamanahan lebah dinja. Babakoena prof. Bergson di Universiteit Sorbonne. Sadjabi ti andjeunna seueur deui noe sanesna. Anoe dianggo toedjoean oelikanana, nja eta koemaha oerang tiasana leupas tina HARTI ANGKA, tina GETALBEGRIP.

Angka ENOL (O) maksadna mah noedoehkeun TEU AJA BILANGAN.

Namoeng dina boektina enol teh HIDJI BILANGAN.

Geuning aja hidji enol doea enol en:

Saloehoereun enol disebatna positief, sahandapeun enol disebatna negatief. Ajeuna ari ENOLNA naha positief atanapi negatief?

Samboengeun !


# Toko „PADANG"

Kosambi — Bd.

AFD. KRAMERIJEN.

Soenggoepoen beloem berapa lama Kita moelai boeka, persediaan soedah tjoekoep dari kaperloean roemah tangga.

Pendjoealan tetap dibawah harga pasar.

No. 109.

**TAOEN '35.**

*Geus meudjeuhna eroeninga deui, lampahkeuneun, bangkarak wawarian noe ti heula:*

*„Noe poegoeh mah noe nja aheun teh indoeng-bapa katiloe doeloer, kaopatbaraja, kalima sobat (bangsa)".*

*„Deungeun keur eunteung noe lian keur toeladan,*
*toelad hadena,*
*toelad gorengna!"*

*Pamilih aja di koering (di noe milih:)*

*Hajang hade noelad hadena,*
*hajang goreng noelad gorengna!"*

*Basa Soenda basa „OERANG" basa oerang Soenda.*

*Basa Arab basa „OERANG", basa oerang Arab.*

*Basa Persi basa „OERANG", basa oerang Persi.*

*Deungeun njaraaheun kana basana. Toelad njaahna!"*

*Deungeun njaraaheun ka indoeng-bapana. Toelad njaahna!*

*Deungeun ngagoengkeun niniakina, karoehoenna. Toelad ngagoengkeunana!*

*Oelah noekang-nonggong ka kolot, matak kawalat.*

*Noe anom rea noe narik kolot, mo kabawa katoet ka djangkardjangkarna, awal-achir djadi deui*

*Rea lemboer djadi „SOEWOENG", rea desa NGARANGRANGAN" bongan noe ajeuna boga angkeuh keukeuh peuteukeuh „NARIK KOLOT". Kitoe oelah-kieu oelah, sagala dioelah-oelah, sagala dikoedoe-koedoe, geus bae djadi karoedoe. Koe doe kitoe - kpedoe kieu, soegrining kekembangan kararoedoe.*

*Wadjib soteh „diwadjibkeun", haram soteh „diharamkeun", napi isbat, aja euwuh koe ajana, ana aja aja pisan.*

*Aja ajakeun!*
*Euweuh ajakeun!*
*Dagang, tani, koeli-koeli:*
*ibarat djalan: djalan dagang, djalan tani, djalan roepa-roepa djalan. „BOET-BAT!"*

*Lain heurin djeug kiwari. Pasea djeung baraja, padoe djeung doeloer. Rek koeli-koeli kamana, rek dagang dagang kamana, bongan basa „OERANG" teu diadji dja di siloeng djadi soembang.*

*Njeboet emboeng teu enja!*
*Njeboet hajang teu enja!*
*Tjitaliwoeng noendjang ngidoel.*

*Tjisadane noendjang ngaler.*
*Menta-menta ka Pangeran, di bere weleh teu daek. Tah matana, tah soekoena tah leungeunna, toeh tjontona tah basana.*

*Boga basa dipi lain.*
*Boga leungeun dipi lain.*
*Boga soekoe dipi lain.*
*Boga mata dipi lain.*
*Boga tjonto dipi lain.*

*Lain deui lain deui,*
*lain noe dipikahajang,*
*enjana mah henteu njaho,*
*naon noe dipikahajang,*
*njaho ngaran tamboeh roepa,*
*njiroean kaleboeh madoe,*
*sireum paeh dina goela.*
*Deudeuh!*

*Tawis*
*SOEN'NDA.*


# ENGGAL!-ENGGAL!

Perloekeun kawadjiban sepoeh ngadjeudjeubkeun pala poetra soepados tiasa balap dina kalangan hircep koemboeh.

Nioemponan kahajangna djaman ti ngawitan AUGUSTUS 1935, oepami aja pimoerideunana di Bandoeng bade diboeka M. U. L. O. PASOENDAN.

Mangga pada rarodjong, lebetkeun pala poetra ka ieu M. U. L. O.

Ti ajeuna ngawitan nampi pimoerideun KLAS I bajaranana **f 5.—** Boekoe disajagikeun koe sakola.

Djabi ti eta nampi pimoerideun H. I. S. anoe 100 pCt dipingpin koe bangsa priboemi.

Soempingan sakolana di POENGKOER-WEG 12

Tingali kaajaanana di lebet sakola, sareng diboektikeun petana Goeroe-goeroe ngadjar.

Kanggo pala poetra istri anoe parantos kaloear ti sakola handap disajagikeun VAKSCHOOL. (Sakola roemah tangga), oge disajagikeun „INTERNAAT PASOEDAN„ anoe nampi moerangkalih sakola pertengahan sareng sakola handap. Pembajaran mirah sareng noe ngitenan goeroe.

Oepami bade ngalebetkeun atanapi moendoet katerangan, sae soemping bae ka POENGKOERWEG 12 Pasosonten tiasa ka BABATAN GANG Rd. KARTA BRATA No. 12; atawa ka GANG JOEDA No. 13

**Enggal!! - Enggal!!**

Het Hoofd der H. I. S.
„PASOENDAN"

**Rd. Karta Brata**

HINDOE TABIB **T. Mohamad**

Katja² Wetan pajoeneun pasar Kosambi No 218 Bandoeng

ARTOS TIASA WANGSOEL DEUI,
MOEN PANJAKIT TEU POELIH!

Specialist Wasir (Ambeien)

Wasir (Ambeien), noe geus kasebat koe psibados ditanggel dina 15 dinten babas. Oepami ... artos wangsoel. Oge tiasa ngoebaran roepi-roepi panjakit, kajaning Kentjing manis, (rheumatiek) njeri linoe-linoe (badan mati separo), njeri mata Batoek ngekreh, atanapi batoek kering (Asthma), njareri eungap Nja kitoe deui panjakit „koneng" (kepoetihan njeri hoeatoe Biri-biri djeung panjakit rodek d.s.t.

Roemah obat sadidinten diboeka ti pk. 8 isoek nepi ka pk. 8 wengi Obat-obat tiasa dikintoen koe rembours.

**WORLD PARADISE OIL** saroepi obat koeat kangge pameget. Pangaos 5 gr. f 1.— anoe 10 gr. f 1.75.

Landong boeoek bodas djadi hideung sa-ples f 1.75.
Sakali nganggo ditanggel kangge 4 sasih lamina. 201
Obat RAMBOET bodas djadi hideung. Ditanggel tahan lami, pangaos 1 flesch f 1.75

N.B Sadajana parjawat para istri atanapi pameget, diloear atanapi di lebet tiasa dilandongan zonder operatie

**Dokter SOENARIO SARWONO**
REGENTSWEG 15 :— TELF. 996 — BANDOENG

Sang ... sareng ngoeroes noe nabar, njepitan moerangkalih.

| | |
|---|---|
| Wastosna nampi tamoe | 7 — 9 endjing² |
| | 4.30 — 6 sonten |

Dinten Minggoe sareng dinten noe di moeljakeun noemoetkeun perdjangdjian. Kenging dissoer wajah koemaha bae ka boemi.




**Raos**

Moal lepat deui ageung gomana oepami saami, na poetra djoeragan noe masih keneh alit, didjagi koe Purol Koelit noe malegar beureum sareng bararentoes teh sakedap pisan tiasa sae, oepami dilandongan koe Purol.

Oge dina tjeborna moerangkalih oelah koe sambarangan saboen, anggo salamina saboen Purol, margi teu aja noe langkoeng sae djabi ti eta.

Djagi koelitna soepados garing, koe Wedak pirol, poetra djoeragan tangtos ngaraos seger toer sehat.

Pangaos Purol sakalengna aja noe 40 sen sareng aja noe 75 sen, dina tube f 1.—; Wedak Purol satjepoekna aja noe 90 sen, sareng aja noe f 1.50; Saboen Purol saboengkoesna 90 sen. Tiasa kenging di saban toko sareng di roemah-roemah obat. 43